ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗЭРЭ КЪЫДОКІ

№178 (23.336) ● 2016 гъэм фокІадэм (сентябрым) и 14, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● Къэрал къулыкъущІапІэхэм

Хэхыныгъэхэм хуэхьэзырщ

Зыуэ щыт хэхыныгъэм и махуэм и пэ къихуэу КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий республикэм щыІэ политикэ партхэм я хэгъуэгу къудамэхэм я унафэщІхэмрэ КъБР-м и Хэхакіуэ комиссэм и тхьэмадэ Джэш Вячеславрэ яІуащІащ.

- КЪЭРАЛ Думэмрэ щІыпІэ самоуправленэхэмрэ я депутатхэм я хэхыныгъэхэр къызэрытпэщылъым фэри фыщыгъуазэщ. Абы кьыхэкІыу хэхыныгъэхэр кьызыхуэтыншэу, зыхуей хуэзэу кьызздгъэпэащын, щІыхуэзм я дзыхь къэзылэжьыр хедгъэхьын хуейщ. Хэхныгъэхэр политикэ партхэракъым, атІэ щІыхуэзращ щІедгъэкІуэкІыр, абыхэм я фІэфІныгъэр текІуэнырщ, щІыхубэр зыхуейр яп ядгъэщынырщ нэхъыщхьэр.

Республикэм и хэхакІуэ кампаниер жыджэру зэрылажьэр политикэ партхэм я жэуапльныгъэр куздкІэ нэхъ ин зэрыхъуам и щІыхьэтщ. Шэч хэмылъу, партхэм яку зэныкъуэкъу гуерэ дзмылъу щытхъым, Іэмалхэр зэхуэмыдэми, дэтхэнэми зыхуигъэувыж къалэныр зыщ - щІыхуэзм я гъащІэр нэхъыфІ щІынырщ. Яп фищын мурадкІэ, зыщ адрейр вгъэлъэхъышэну яужь фызэрымытым папщІэ фІыщІэ фхуэсщІыну сыхуейт. Нэхъыщхьэр хэхыныгъэхэр пэжагъыр и лъабжьэу едгъэкІуэкІынырщ. Дэ щІыхуэхэм я хуитныгъэр тхъумэныр ди къалэнщ. Кьыхэзгъэщыну сыхуейт политикэ партым и мыхьэнэр, хуэтщІыну гулъытэр и инагъым зыкІи зэремылъытар. Фи Іуэху еплъыкІэр нэсу, мурадхэр гурыІуэгъуэу щІыхуэзм ялъэргъэІэсыфыну сыфщогугъ. Лъэпощхьэпо фыІущІэмэ, сытым дежи зыфщІэдгъэкъуэну дыхьэзырщ, - захуигъэзащ КІуэкІуэ Юрий къыззхуэсахэм.

Хэхыныгъэ компаниер республикэм зэрыщекІуэкІым теухуауэ «Урысей зэкъуэт» политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ къудамэм и секретарь **Бозий Натбий**, «Захуагъэ здэщыІэ Урысей» партым и щІыналъэ къудамэм и тхьэмадэ **Кебеков Владимир**, «ЩхьэнтІэхэр» партым и унафэщІ **Щхьэгъэпсо Сэфарбий** сымэ зэІуущІам къыщІэпсЫщ.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

● ГуфІэгъуэ зэІущІэхэр

Бахъсэн ГЭС-р илъэс 80 ирокъу

Бахъсэн гидроэлектростанцыр илъэс 80 зэрырикъур гукъинэжу ягъэлъэпІэнущ.

АБЫ хуагъэхьэзыра Іуэхугъуэхэм хыхьэу, фокІадэм и 19-21-хэм Зеикъуэ, ХьэтІохъуцыкъуей къуажэ еджапІэхэм, кадет школ-интернатым 2003-2004 гъэхэм къалъхуа ныбжьыщІэхэр футболымкІэ зэпрагъэуэнущ. Бжьыпэр зыубыд командэхэм щІыхь тхьилъхэр, кубокхэр иратынущ, сом мин 300 и уасэ спорт хьэпшыпхэр тыгъэ хуащІынущ.

ФокІадэм и 23-м ГЭС-м и псэуалъэхэр кьрагъэпльыхьынущ, Іэмэпсымэ нэхъыщхьэхэм я лэжьэкІэм кІэлъагъэплъынущ.

Гуфіэгъуэр щыІэхашэну махуэм «Бахъсэн ГЭС-р илъэс 80 ирокъу» сурэт гъэлъэгъуэныгъэ хьэщІэхэм папщІэ къызэрагъэпэщынущ.

Зэхьыхьэ гуапэм хэтынущ КъБР-м и Парламентым, Правительствэм, «РусГидро» ПАО-м и Къэбэрдей-Балъкъэр ІэхъуцІапІэм, энергетикэ компаниехэм я къудамэхэм я унафэщІхэр, муниципальнэ щІыналъэхэм я Іэтащхьэхэр, электроэнергетикэм и ветеранхэр.

ЧЫЛАР Аринэ.

● Промышленность

Нэхъыфіхэм хабжэ

Абджым къыхэщІыкІа кумбыгъэхэр къыщыщІагъэкІ Урысейм и «Гласс-Технолоджис» компаниемэ зы къудамэ иІэу аращ икІи ар здэщыІэр Шэджэм къалэрщ.

ЩІЫУЭПС къабзагъэ зыбгъэдэлъ пкъыгъуэхэмкІэ (абджр тарэхэмкІэ) ерыскъыхэкІым елэжь Урысей, Европей Іуэхущапіэхэр кьызэгъэпэщыныр зи къалэн нэхъыщхьэу щыт заводым зы илъэсым хуэзэу егъэхьэзыр кумбыгъэу мелуан 95-рэ. Иджырей хамэ къэрал Іэмэпсымэ лъэрызехьэхэмкІэ уэзда ООО-м линиеу тІу егъэлажьэ. Линие къэс секционнэ машинэу 8 иІэщи, зы жэщ-махуэм хуэзэу абджу тонн 240-м щелэжьыну яхуэзфІокІ.

Заводым къыщІигъэкІ продукцэр химие и лъэныкъуэкІи зэрыкъабзэм и мызакъуэу, фІагъэрэ дахагъкІи дэбгъуэн щыІэкъым. Абы къыхэкІыу щІэупщІэшхуи иІэщ.

Предприятэм алхуэдэу гулъытэ хэха щыхуащІ лэжьакІуэхэм я щІэнигъэм хэгъэхъуэным. Абы папщІэ щІэк-щІэхуырэ кьэпщытэныгъэ-егъэджэныгъэ дерсхэр ирагъэкІуэкІ. Псом хуэмыдэу Іэщ Іагъэлъ Іхэр иужь итщ Іуэхум адэкІэ пызыщэн щІалэгъуалэ нэхъыбэ къызэрырашэлІэным.

Заводым нобэ иІэ зэфІэкІхэм къызэрыхигъэхъуэнымрэ Іэмалыщ Іхэр къызэрыхилъхьэнымрэ хущІокъу. Нарзаным, фадэхэкІхэм, ерыскъым елэжь предприятэхэм папщІэ абджр птулькІэхэр къыщІэзыгъэкІ Іэнатіэм и мурадщ нобэ Урысейм щиубыда лъагапІэр адэкІи иІыгъыну.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● КъБР-м и Парламентым

Псэупіэ иращІыхьын папщІэ щІапІэхэр бэджэнду зэрат зэманыр илъэсипщІым нагъэсыну къыхалъхьэ

КъБР-м и Парламентым и спикер Егоровэ Татьянэ иригъэкІуэкІащ республикэм законхэр къыдэзыгъэкІ и органым и президиумым и зи чэзу зэІущІэр. Абы Іуэху зэмылІэужьыгъуэу тІощІым щІигъум щытепсэлъыхьащ.

ПАРЛАМЕНТАРХЭР зыхэплъахэм ящыщщ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щІыналъэм уней псэупІэхэр щащІын папщІэ цыху гуп щхьэхуэхэм щІапІэхэр пщІэншэу яхуэхьынымрэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩІы кодексым и 14-нэ, 17-нэ статьяхэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» 2011 гъэм дыгъэгъазэм и 20-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №121-РЗ-м зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным хуэгъэзауэ» республикэм и законым и проектыр. Ар президиумым и зэІущІэм къыщыхилъхьащ Налшык къалэ округым щІыпІэ унафэр зегъэкІуэныжмкІэ и советым.

Законопроектым депутатхэр щыгъуазэ щищІым КъБР-м и Парламентым Аграрнэ политикэмкІэ, экологиемкІэ, щІыуэпсыр къэгъэсэбэпынымкІэ, щІыуэхуэмкІэ и комитетым и унафэщІ Мокаев Кемал къыхигъэщхьэхуКІащ мы документыр зытеухуар зи псэупІэр егъэфІэкІуапхъэу, апхуэдэу щыщыткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал мыльКум, муниципальнэ мылькум хиубыдэ щІы Іыхьэхэр псэупІэхэр тращІыхьын папщІэ ІупІэншэу къыІахыну хуитныгъэ зиІэхэр къызэрыхах мардзхэр убзыхуныр арауэ зэрыщІытыр.

- Иджыпсту экономикэр гугъуехьхэм зэрыхэтым икІи цІыху куэд къызэрылъаІуэм къыхэкІыу законопроектым иратхащ апхуэдэ щІы Іыхьэхэр бэджэнду зэрат пІалъэр иІэситкум и пІэкІэ илъэсипщІым нагъэсыну, абы иужькІэ а щІы Іыхьэхэр зыхухахахэм, я псэупІэ унэхэр (щІын ямыухахэри хуэ) къэралым зэрырагъэтхым къыдэкІуэу, пщІэншэу иратыжыну, - жиІащ Мокаев Кемал.

Президиумым хэтхэм къащта унафэм ипкъ иткІэ Налшык къалэ округым щІыпІэ унафэр зегъэкІуэныжмкІэ и советым къыхилъхьа жэрдэмым тету Іуэхур зэхэзыгъэкІыну лэжьакІуэ гуп къызэрагъэпэщынущ. Лъэныкъуэ псори зэпалъыта нэужь, къытрагъэзэжынурэ хэпльэнущ иджыпсту зекІуэ законодательствэм хальхьэ зэхъуэкІныгъэхэм.

Депутатхэр тепсэлъыхьащ «Пенсэхэм щІагъуэ ахьшэр зыхуэдизыр яубзыхун мурадкІэ 2017 гъэм пенсионерыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыпсэун папщІэ нэхъ мащІэ дыдэу зыхуей ахьшэр зыхуэдизым и Іуэхукіэ» Федеральнэ законым и 4-нэ статьям и пункт 4-м тету, «Къэрал социальнэ дэІэпыкъуныгъэм теухуауэ» Федеральнэ законым къигъэув ахьшэр сом 8242-рэ хъун хуейуэ къызэралъытар.

Законопроектыр хагъэхьащ КъБР-м и Парламентыр 2016 гъэм и бжьыхьэ сессием къриубыдэу зэлэжьэну Іуэху нэхъыщхьэхэм я планым икІи ар къазэрыщІихьуамрэ хэлъхьэн хуейуэ кьалъытэ зэхъуэкІыныгъэхэмрэ ягъэхьэзырын папщІэ зыхуэфащэ органхэм, организацэхэм хуагъэхьащ. Апхуэдэу елэжьыжа нэужь законопроектыр Парламентым и планар зэІущІэм къыщыкалъхьэнущ.

А махуэм президиумым и зэІущІэм депутатхэр щыхэплъащ федеральнэ закон щхьэхуэхэм я проектхэр къазэрыщІихьуам теухуауэ къатахэм, апхуэдэу Урысей Федерацэм Административнэ хуэаншагъэхэмкІэ я кодексым, юридическэ І энатІэхэмрэ щхьэзакъуэ хьэрычэтыщІэхэмрэ къэралым зэритх щІыкІэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным, фэтэр куэд хьу унэхэм псэупІэ-коммуналнэ Іуэхутхьэбзэхэр зэрыхуащІэмрэ абыхэм я уасэхэр къызэрыІахьымрэ егъэфІэкІуэным хуэгъэзауэ УФ-м и субъект зэмылІэужьыгъуэхэм я парламентархэм къыхалъхьа жэрдэмхэм.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущапіэ.

● АПК

Я зэфІэкІым хагъахъуэ

Налшык и консерв заводыр иджыпсту и гуащІэгъуэу помидорымрэ нащэмрэ яІолъжь.

ІУЭХУЩІАПІЭР хущІокъу и фІэІуфІэхэм витаминхэмрэ минерал пкъыгъуэхэмрэ кьанэ щымыІэу зэрыщихьумэным. Апхуэдэу ГОСТ-мрэ кьабзагъэ техникэ мардзхэмрэ ткІийуэ тету и лэжьыгъэр кърехьэлІэ.

ООО-м гектар 300 илъэс куэдкІэ бэджэнду кьищтауэ иІыгъщ. Иджырей технологиехэм тету абы щыхэсэ езыр зэлэжьыну хадзэкІхэр - нащэ, помидор, джэш щхьэантІэм, фІэІугъэм халъхьэхэр. Мэкъумэш техникэмкІи нэсу къызэрызэгъэпэщам и фІыгъэкІэ заводым хадзэкІхэри зэрыкъабзэу ещэ.

ІэщІагъэлІхэм зэрыжаІэмкІэ, нэхъыбэу хасэр ди щІыналъэм ёзэгъ лІэужьыгъуэ хэплъыхьаэхрщ. Аращ фІэІугъэхэми щІэупщІэ щІаІэр.

Нобэ зэлэжь нащэм, помидорым, джэш щхьэантІэм нэгъуэщІ хадзэкІ лІэужьыгъуэхэри къыкагъэхъуэну я гугъэщ. Заводым зы илъэси къэмынэу и продукцэ нэхъыфІхэр щегъэлъагъуэ Москва щекІуэкІ «Бжьыхьэ дыщафэ» къэралпсо выставкэм. Кьапщтэмэ, и «Черри» томат гъэфІэнІэр «Урысейм и ЗыпшыпІ нэхъыфІу 00»-м хэтщ.

ЛЪОСТЭН Музэ.

● Промышленность

Нэхъыфіхэм хабжэ

Абджым къыхэщІыкІа кумбыгъэхэр къыщыщІагъэкІ Урысейм и «Гласс-Технолоджис» компаниемэ зы къудамэ иІэу аращ икІи ар здэщыІэр Шэджэм къалэрщ.

ЩІЫУЭПС къабзагъэ зыбгъэдэлъ пкъыгъуэхэмкІэ (абджр тарэхэмкІэ) ерыскъыхэкІым елэжь Урысей, Европей Іуэхущапіэхэр кьызэгъэпэщыныр зи къалэн нэхъыщхьэу щыт заводым зы илъэсым хуэзэу егъэхьэзыр кумбыгъэу мелуан 95-рэ. Иджырей хамэ къэрал Іэмэпсымэ лъэрызехьэхэмкІэ уэзда ООО-м линиеу тІу егъэлажьэ. Линие къэс секционнэ машинэу 8 иІэщи, зы жэщ-махуэм хуэзэу абджу тонн 240-м щелэжьыну яхуэзфІокІ.

Заводым къыщІигъэкІ продукцэр химие и лъэныкъуэкІи зэрыкъабзэм и мызакъуэу, фІагъэрэ дахагъкІи дэбгъуэн щыІэкъым. Абы къыхэкІыу щІэупщІэшхуи иІэщ.

Предприятэм алхуэдэу гулъытэ хэха щыхуащІ лэжьакІуэхэм я щІэнигъэм хэгъэхъуэным. Абы папщІэ щІэк-щІэхуырэ кьэпщытэныгъэ-егъэджэныгъэ дерсхэр ирагъэкІуэкІ. Псом хуэмыдэу Іэщ Іагъэлъ Іхэр иужь итщ Іуэхум адэкІэ пызыщэн щІалэгъуалэ нэхъыбэ къызэрырашэлІэным.

Заводым нобэ иІэ зэфІэкІхэм къызэрыхигъэхъуэнымрэ Іэмалыщ Іхэр къызэрыхилъхьэнымрэ хущІокъу. Нарзаным, фадэхэкІхэм, ерыскъым елэжь предприятэхэм папщІэ абджр птулькІэхэр къыщІэзыгъэкІ Іэнатіэм и мурадщ нобэ Урысейм щиубыда лъагапІэр адэкІи иІыгъыну.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Адыгэхэм я махуэр Іуащхьэмахуэ лъапэ щагъэлъэпІэнущ

Адыгэхэм я махуэм хиубыдэу Іуащхьэмахуэ районым Іуэху пыухыкІахэр щаубзыхуащ. Тырныауз къалэм Кулиев Къайсын и цІэр зэрихьэу дэт Щэнхабзэмкіэ унэм щыІэ район музейм щІадзауэ щагъэлъагъуэ «Адыгэхэр: лъэпкъым и тхыдэм щыщхэр» выставкэр.

АБЫ УТЫКУ хэыщрахьащ мы махуэшхуэр зэрагъэувам, адыгэ лъэпкъым и къэкІуэкІыкІам щыхьэт техІуэ тхыгъэхэр, экспонатхэр. Выставкэр дызэрыт мазэр ихуэкІуэ псом я зэІуахуэ щытынущ.

Іуащхьэмахуэ районым и библиотекэхэм фокІадэм и 16-м усэмкІэ пшыхьэхэр, гъэлъэгъуэныгъэ зэмылІэужьыгъуэхэр щекІуэкІынущ.

Районым и Іуажэ псоми щэнхабзэмкІэ я унэхэм фокІадэм и 19-м концертхэр щызэхэтынущ, выставкэхэр щагъэлъэгъуэнущ. А махуэ дыдэм школым и еджапІэхэм къыщызэрагъэпэщынущ Адыгэхэм я махуэм теухуа дерсхэр.

Тырныауз къалэм гъуазджэмкІэ и сабий школым, Абаев СулътІанбэчи и цІэр зезыхьэм, фокІадэм и 20-м сыхьэт 13-м щагъэлъэгъуэнущ «Дыщалъхуа щІыналъэрщ ди къаурм и хэкІыпІэр» махуэшхуэ концертыр.

Дауэдапщэхэм хэтынущ район, къалэ администрацэхэм я лІыкІуэхэр, жуажэхэм я Іэтащхьэхэр, «Адыгэ Хасэ» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и район къудамэм и унафэщІхэр, районым и Іуэхущапіэхэм, предприятэхэм, организацэхэм я Іэтащхьэхэр. А махуэм сыхьэт 14-м районым щІэнхабзэмкІэ и унэм щагъэлъэгъуэнущ адыгэхэм я тхыдэмрэ я хабзэхэмрэ ятеухуауэ кинорежиссёр Взрокъуэ Владимир триха документальнэ фильм щхьэхуэхэр.

ТАРИМ Алисэ.

НОБЭ

● ♦**1812 гъэм** мафІэсышхуэм зэщІищта Москва дыхьащ Наполеон и дзэр. Ар бийм зауэншэу ираты-ну зэгурыІуат, къалэри дзэри хъума хъун папщІэ.

♦**1853 гъэм** Тыркум Урысейм зауэ кьрищІылІащ. Кьрым зауэм щІидзащ.

♦**1886 гъэм** США-м щыщ Андерсон Джордж зэрыбкІэ зэрытрадзэ ма-шинкэм далъхьэ щІэтхыкІыр къызэригупсысам щыхьэт техІуэ тхылъ кьратащ.

♦**1896 гъэм** Санкт-Петербург телеграф агентствэм лэжьэн щІидзащ.

♦**1911 гъэм** Киев дэт Опе-рэ театрым кІэрахьуэкІэ щакІыну хэтащ Урысейм и Министрхэм я Советым и унафэщІ Столыпин Пётр. Абдежым къыщытехуа уІэгъэхэм ар илыкІащ фокІадэм и 18-м.

♦**1917 гъэм** ПІалъэхІэ лажьэ Правительствэм Урысейр Республикэу зэрыщытыр хэІущІыІу ищІащ.

♦**1936 гъэм** Быковэ аэропортым лэжьэн щІидзащ - цІыху кьезышэкІ кхъухьлъатэхэр пІалъэ хэхам тету тельэтыкІыу зэтраублащ.

♦**1960 гъэм** ЩІыдагъэ зыщэ кьэралхэм я зэгухьэныгъэр (ОПЕК) къызэрагъэпэщащ. Абы хыхьащ Иракыр, Ираныр, Кувейтыр, Сауд Хьэрыпыр, Венесуэлэр.

♦**1973 гъэм** Кьалэ-ЛІыхъужь цІэр фІащащ Новороссийскэр Керчрэ.

♦**2003 гъэм** Эстониер Европэ зэгухьэныгъэм хыхьащ.

♦Генерал-майор, Къуэкіыпіэ Жыжьэм пащтыхьым щиІа армэм и командующэу щыта **Хьэгъундокъуэ Едыдж** къызэралъхурэ илъэси 145-рэ ирокъу.

♦Академик, СССР-м ЩІэныгъэхэмкІэ и академием Математикэмкіэ и институтым и унафэщІу щыта, Социалист Лэжьыгъэм тІунейрэ и ЛІыхъужь, Сталиным, Лениным и цІэхэр зезыхьэ саугъэтхэр, СССР-м и Къэрал саугъэтыр зыхуагъэфащэ **Виноградов Иван** къызэралъхурэ илъэси 125-рэ ирокъу.

♦ЩІэджэс тхакІуэ **Хьыту Сайдин** къызэралъхурэ илъэси 102-рэ ирокъу.

♦Теленэтынхэр езыгъэкІуэкІ, СССР-м и цІыхубэ артист **Кириллов Игорь** и ныбжьыр илъэс 84-рэ ирокъу.

♦Хьэрычэтыщ Іэ, политик, жылагъуэ лэжьакІуэ цІэрыІуэу щыта **Дер Станислав** къызэралъхурэ илъэс 69-рэ ирокъу.

♦Экономикэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъМУ-м и профессор **Щоджэн БетІал** и ныбжьыр илъэс 66-рэ ирокъу.

♦Педагогикэ щІэныгъэхэм я кандидат, потребкооперацэм щыхурагъадджэу Белгород дэт университетым Налшык щІэкъудамэм и егъэджакІуэ **Хьэфыщ Іэ Эльмирэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦2008 - 2012 гъэхэм УФ-м и Президенту щыта, 2012 гъэ Іыпэм зэрыкъалъ и Правительствэм и Унафэщі **Медведев Дмитрий** и ныбжьыр илъэс 51-рэ ирокъу.

♦Франджым щыщ биат-лонист цІэрыІуэ, Олимп джэгуэхэм тІэунейрэ я чемпион, олимпиадэхэм дыжьын медалитІ къыщыщІэхьа, дунейм хэнейрэ и чемпион **Фуркад Мартен** и ныбжьыр илъэс 28-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык уэфІу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 24 - 27-рэ, жэщым градус 15 - 17 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Жьэшхуэ Тхьэшхуэ и жагъуэщ.

● КъБР-м и Парламентым

Къабзагъэм йогугъу

Бахъсэн Ипщэм щІэхщІэхыурэ щрагъэкІуэкІ къабзагъэм теухуа лэжьыгъэхэр.

КЪУАЖЭ администрацэм и жэрдэмкІэ мы махуэхэм къуажэдэс цІыхухъухэр зэхуэсри, туристхэм я зыплъыхьыпІэ щІыпІэхэр зыхуей хуагъэзащ, фэеплъхэм я лъабжьэмрэ ахэр кьызэрыгъэтІылъыхьа мывэхэмрэ зэщІашхэжащ. Псом хуэмыдэу лэжьыгъэшхуэ кьыщыпІэхэм кьыщытІэсхьат, абы къыщхьэщыт бгым къехуэхахэми куэду ущрихьэлІэрт.

Къэкіыгъэ зэмылІэужьыгъуэхэмкІэ къулей мы щІыпІэм гъэзгубгъу удзхэри щобагъуэ. Ахэри къахащ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Іуащхьэмахуэ щІыналъэм хьыхь жылагъуэхэр зэщІагъэкъабзэ.

Іуащхьэмахуэ щІыналъэм хьыхь жылагъуэхэр зэщІагъэкъабзэ. Тырныауз къалэм къегъэщІылІа къэрал гъэзгум щэбэт щІыхьэхуэм ипкъ иткІэ щІэуэ асфальт тралъхащ.

БЖЬЫХЬЭ-щІымахуэ лъэхъэнэм кьабзэу техьэным екьэлІауэ кьрахьэжьа мы Іуэхум жьыдэру хэтащ къуажэдэсхэри, школхэри, предприятэхэри. Абыхэм гъэзгубгъуэм щызэтриха ятІэхэр трагъэкъэбзыкІащ, жыгхэм кьехуэха къудамэхэр ягъэсащ, щІыпІэхэр зэрагъэдахэ жыг лъахъшэхэр кьауХъуэнщІыхьащ. Мыпхуэдэ лэжьыгъэхэр дунейр щІыІэ кхъэхуэу зэпагъэунукъым.

ЖАНОКЪУЭ Хьэутий.

● ЩІыуэпс

ЗэкІэ хуэпІащІэркъым

Налшык къалэм и 2-нэ гуэлыр мыгувэу зыхуей хуагъэзэнущ.

ИПЭКІИ дызытепсэлъыхьауэ щытащ абы къалэдэсхэм зэкІэ зыщагъэпскІ зэрымыкъунум. Щхьэусыгъуэр - къабзагъэ мардзхэм зэрытеу тІащІэр гъэкъэбза зэрымыхъуарщ. Бэджэнду зэманкІэ ар зыІыгъахэм зы лэжьыгъэ пыухыкІаи а щІыпІэм кьыщрахьэлІакъым. Абы къыхэкІыу кІыхьаныжьхуей хъуащ.

Гуэлым иджыпсту псыр ирагъэлъэдзажа щхьэкІэ, кьабзэкъым икІи зыми ищІэркъым дяпэкІи абы кьыпэплъэр.

«Щэнхабзэ паркымрэ зыгъэпсэхупІэхэмкІэ» Іуэхущапіэм хьыбар къызэрыдигъэщІамкІэ, гуэлым и инфраструктурэр зыхуей хуагъэзэнущ. 2017 гъэм и гъатхэм ирихьэлІэу абы куэду бдзэжьей хаутІыпщхьэжьнущ икІи шэч къытрахьэркъым Налшык и 2-нэ гуэлыр адрейхэмефІэкІыу къызэрагъэщІэрэщІэжьнум.

ЖАНХЪУЭТ Зузэ.

● Хэхыныгъэ-2016

«Щхъуантiэхэр» урысей экологие парт

«Щхъуантiэхэр» урысей экологие парт» урысейпсо политикэ партым Урысей Федерацэм и Къэрал Думэм и ебланэ хэхыгъуэм и депутатхэм я кандидату къиГэлъэгъуащ Щхьэгъэпсо Сэфарбий Хьэсэнбий и къуэр - биологие щIэныгъэхэм я докторыр, профессорыр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэмрэ Ингуш Республикэмрэ щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэр, УФ-м курыт щIэныгъэ егъэгъуэтыныжкIэ и Iэнатiэм щIыхь зиIэ и лэжьакIуэр. Ар Шэрэдж (Советскэ) районым хыхьэ Аушыджэр къуажэм 1954 гъэм мэлыжьыхьым и 25-м къыщалъхуащ. Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым химиемрэ биологиемкIэ и факультетыр фIы дыдэу 1977 гъэм, Ростов дэт къэрал университетым и аспирантурэр 1983 гъэм къыхиущ. Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и ассистенту лэжьэн щIидзэри, профессор, кафедрэм и унафэщI, факультетым (химиемрэ биологиемкIэ, биологиемкIэ) и деканэ хъуащ. ЕГъэджэныгъэмкIэ политикэм и экологием пыщIа лэжьыгъэ хьэлэмэтхэр и Iэдакъэ къыщIэкIащ. 2003 гъэм щегъэжьауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм законхэр къыдэзыгъэкI и органхэм (КЪБР-м и Парламентым и депутату), гъэзэщIакIуэ органхэм (егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ политикэмрэ, Архив къулыкъущIапIэм и унафэщIу) щыIащ. Иджвисту «Щхъуантiэхэр» урысей экологие партым» и щIыналъэ къудамэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и унафэщIщ, КЪБР-м и Парламентым и депутатщ, Аграрнэ политикэмкIэ, экологиемкIэ, щIыуэпсыр къэгъэсэбэпынымкIэ, щIы IэхэухэмкIэ Парламентым и комитетым и унафэщIым и къудэзэщ, «Щхъуантiэхэр» урысей экологие партым и щIыналъэ къудамэм и фракцэу КЪБР-м и Парламентым щыIэм и унафэщIщ.

«Щхъуантiэхэр» урысей экологие партыр Урысей къэралыгъуэм зэпIэзэрыту зиужьынымкIэ хэкIыпIэ нэхъыщхьэ дыдэр политикэ, экономикэ, социальнэ, кIуэнэмыщI жылагъуэ зэхущытыкIэхэм экологием къигъэувэкIэ къалъытауэ бгъэдэлъ псори цIыхум гъащIэ тэмэм иIэным, ар щхьэхуиту щытыным икIи ар къэзыухъуреихь дунейр зэIыныгъэхьэным хуэунэтIыныр щ.

Апхуэдэ мурадхэр зэгъэхьулIэнымкIэ гъэзгур дыкъзэыухъуреихь дунейр тэмэму щытыныкIэ цIыхухэм я нобэрей щIэблэмэ къэкIуэну щIэблэхэми яIэ конституцэ хуитыныгъэхэр текI имыIэу гъэзэщIэныр щ, щIыуэпсым и фIыгъуэ псори зэгъэзэхуауэ къэгъэсэбэпынырщ, псэущхьэхэмрэ къэкIыгъэхэмрэ хъумэным зэпымыууэ телэжьэныр щ.

А мурадхэр зэдгъэхьулIэнымкIэ Iэмал псори къытхуэзэригъэпэщынуш Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм къыщIызэдгъэпэщыну фракцэм.

Ди плъапIэ нэхъыщхьэхэр:

- экологиемкIэ законодательствэр зэтегъэувэныр щ;
- экологие шынагъуэнщагъэ къыдэзгъэпэщыныр щ;
- цIыхухэм экологие щIэныгъэ, экологие зэхэщIкI, гъэсэныгъэ егъэгъуэтыныр щ.

«Щхъуантiэхэр» урысей экологие партым и къыхуеджэныгъэ нэхъыщхьэхэр:

- ЦIыхур узынщэу, унагъуэр насыпыфIэу щрет, Урысейр ирефIакIуэ!
- Щыуэпсыр тхъуэмэ, гъащIэр хъума хъунущ!
- Щыуэпсыр сабийхэм яхуэтхъумэнщ!
- ЩхъуантiагъэмкIэ экономикэр къэкIуэну зэманым тещIыхьа экономикэщ!

«Щхъуантiэхэр» урысей экологие партым папщIэ Iэ фIэт. Ар бюллетеным иратхащ №5-м щIэту.

Щыхубэм я къэкIуэнум дызэщIыгъуу дытолажьэ

КъБР-м и цIыхухэу пщIэ зыхуэтщIхэ!

«Урысей зэкъуэт» партым УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и депутатхэм я кандидатхэр къеГэлъэгъуэ икIи ахэр дэфIыгъыну фэ лъэлукIэ зыкъыфхуегъазэ.

Дэ фэ фщыщ дэтхэнэ зыми дыщIыгъуу къэралым и фIыгъуэм дытелэжьну, лъэпкъым и сэбэп зыхэлъхэр тхъумэну, Урысейр къэдгъэщIэрэщIэжыну, ар нэхъ лъэщ, псынщIэу зызыужь икIиефIакIуэ къэрал тщIыну ди мурадщ.

Къэралым и зэкъуэтыныгъэмрэ тхъумэным къыкIэлъыкIуэу дэ дыхущIокIуэ дуней псом щцнэхъ лъэщ дыдэхэм ящыщ Урысейм Зедгъэужьыну - апхуэдэщ Урысейм и Президент Путин В. В., Правительствэм и УнафэщI Медведев Д. А. сымэ хIущIыIу ящIа икIи зэкIэтъыкIуэу хагъэкI стратегие унэтIныгъэр.

Дэ тщыгъупщакъым илъэс 15 - 20 хуэдиз япэкIэ щыIа жылагъуэ зэгурымыIуэныгъэ, экономикэм и мызакъуэу, къэрал Iэхущ щIапIэхэри приватизацэ ящIыну олигархэр хущIэкъуу зэрыщытар.

1990 гъэхэм ирагъэкIуэкIа зэхъуэкIыныгъэхэу цIыхухэр гужьеигъуэ хэзыдзахэм кIэщIу къакIэлъыкIуащ 1998 гъэм ахъшэм и пщIэр зэуэ зэрехуэхам и зэранкIэ къэралым къытехуа удын хьэлъэр. Абы и зэранкIэ цIыхухэм я псэукIэр нэрылъагъуу зэIыхьащ, къалъхуэр мащIэ хъуащ, коррупцэм, хабзэншагъэхэм заубгъуащ, законым ебакъуэхэр куэд хъуащ икIи цIыхухэм дзыхэзэхуамышIыжу къэнащ.

А псомиз къадэкIуа кризис хьэлъэм къэралыр къыхэтлъэфыжьын хуейуэ дэ къытхуихуащ. Къэралыгъуэм и къарур къэIэтыжьын, абы и суверенитетыр гъэбыдэн, тхьэмыщкIагъэр къыхэзэнкIын икIи иджырей экономикэ лъэщ зэтегъэувэн хуейщ.

Стратегие мыхьэнэ зиIэ а Iуэхур пхыкIын папщIэ Урысейм и Президент Путин В. В. «Урысей зэкъуэт» партыр къыхэригъэпэщауэ щытащ.

Политикэ Iэнатiэми жылагъуэ гъащIэми я лъэныкъуэкIэ къапщтэмэ, партым и телъхьэхэр цIыхубэм я нэхъыбапIэм хуэкIуащ. Абы Iэмал къитащ зыужьынымрэ пыщIа къалэнхэр гъэзэщIэныкIэ. 2000 гъэхэм я кум ирихьэлIэу лъэпкъ проект нэхъыщхьэхэр пхагъэкIащ, 2008 - 2009 гъэхэм экономикэр зэрехуэхам къиша гугъуехьэр къыздэранэкIащ. Абы щыгъуэ зэтрагъэува хэкIыпIэхэр ноби щIэгъэкъуэныщхьэщ икIи, сыт хуэдэ гугъуехьэр щымыIэми, абыхэм къызэрагъэпэщ Урысейр адэкIи япэкIи кIуэтэныр.

Урысейм фIыгъуэшхуэхэр бгъэдэлъщ, ауэ а псоми ящыщу нэхъыщхьэ дыдэр щIыхэхэр. Зи къэралыр, щэнхабзэр фIыуэ зылъагъу цIыхухэм Урысейм щIыгъуу заужь икIи я хэкум и зэфIэкIым шэч къытрахьэркъым - аращ лъэпкъ зыужьыныгъэм и шэсыпIэр.

Дэ ди мурадыр цIыхум и фIыгъуэмрэ Урысейм и зыужьныгъэмрэщ, революцэхэмрэ зэрыхьэзэрийхэмрэ хэмыту зэпIэзэрыту япэкIэ кIуэтэнырщ, ди сабийхэм шынагъуэнщагъэ яIэнырщ, тэмэму лэжьэнымкIэ, псэунымкIэ, еджэнымкIэ хэкIыпIэхэр щыIэнырщ, къэкIуэнум тегушхуауэ дыхуэкIуэнырщ.

Нобэ дэ диIэщ къэралым зегъэужьынымкIэ Президентым иубзыхуа стратегие унэтIныгъэ Iупщ. Ар къыщыгъэлъэгъуащ Урысейм и Президент Путин В. В. 2012 гъэм накъыгъэм и 7-м къыдигъэкIа указхэу Iуэху нэхъыщхьэхэр щыубзыхуахэм.

Абыхэм къыщIэлъыдыдэ къалэнхэр гъэзэщIэным зэкIэлъыкIуэу щытащ. Абы щыгъуэ зэтрагъэува хэкIыпIэхэр ноби щIэгъэкъуэныщхьэщ икIи, сыт хуэдэ гугъуехьэр щымыIэми, абыхэм къызэрагъэпэщ Урысейр адэкIи япэкIи кIуэтэныр.

Урысейм фIыгъуэшхуэхэр бгъэдэлъщ, ауэ а псоми ящыщу нэхъыщхьэ дыдэр щIыхэхэр. Зи къэралыр, щэнхабзэр фIыуэ имыIэу япэ игъэущIыпхъэ Iуэхухэр Iупщу къыздэгугурыIуэр.

Дэ нэгъэсауэ дыщыгъуазэщ къэкIуэнур иджыпсту ерыщагъ хэлъу дыззэрылажьэм елъытауэ зэрыщытынур. А къэкIуэнум дыкъыщхьэщыжыну, ар къэралми абы и щIыбкIи щыIэ жагъуэгъуэхэм ящытхъумэну ди къалэнщ.

Аращ зыужьныныгъэм и стратегие проект нэхъыщхьэхэр дагъэкIыным хуэгъэзауэ дэ къарууэ диIэр зэдгъэIун щIыхуейр. Фэ, ди хэхакIуэхэм, дыфщIыгъуу дэ Къэрал Думэм и хэхыгъэщIэм хэту лэжьэну депутатхэр хэтхыну пэщытщ. Ауэ абы къыдэкIуэу дэ къыдгурыIуэн хуейщ дызыхуэкIуэ илъэситхум къриубыдэу екIуэкIыну лэжьыгъэхэм папщIи Iэ зэрытIэтыр, къэтхьа ехьулIэныгъэхэр хъумэным къыдэкIуэу, къэралым зегъэужьынымрэ цIыхухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэныным кIэ Iэмалхэр къызэгъэпэщынымкIэ унэтIныгъэ пыухыкIа къызэрыхэтхэр.

«Урысей зэкъуэтым» и программмэм щыдзыхуащ дызыхуэкIуэ илъэситхум социальнэ, жылагъуэ-политикэ, экономикэ гъащIэм зегъэужьынымкIэ къэралым и дежкIэ нэхъыщхьэ дыдэу щытыну Iэхухэр.

Фи дэIэпыкъуныгъэмрэ фэ Iэ зэрыфIэтынымрэ япкъ иткIэ дэ адэкIи дытелэжьэнущ Урысейм и щIыхубэм я сэбэп зыхэлъхэм!

Дэ а цIыхубэм я псалъэр зэхыдох икIи абыхэм къаГэнрэхэр дгъэзэщIэфынущ!

● КъБР-м и Правительствэм

Зи чэзу Iуэхугъуэхэм щыхоплъэ

КъБР-м и Правительствэм и зэIущIэ фокIадэм и 8-м зэхэтащ. Iуэхугъуэ 12 щызэлкъраха зэхьихьэр иригъэкIуэкIащ республикэм и Премьер-министр Мусуков Алий.

АБы ЯПЭУ щыхэплъащ къэрал учётым щыт, техникэ инвентаризацэ ящI псэуалъэхэм я тхылъхэр зыхъумэ къэрал властым и уполномоченэ гъэзэщIакIуэ Iэнатiэм и Iэхуку Iэ, апхуэдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым ЩIы, мылъку зэхущытыкIэхэмкIэ и министерствэм и Положениэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ республикэм и Правительствэм игъэхьэзыра унафэм и проектым. ЩIы, мылъку зэхущытыкIэхэмкIэ министрым и къалэнхэр зыгъэзащIэ **Ерыстау Ланэ** зэрыжиIамкIэ, ар зэгъэхьэзыращ «ЯмыгъэIэпхъуэ мылъкум и къэрал кадастрым и Iуэху кIэ» Федеральнэ законым и 45-нэ статьям къызэригъэувым тету. Абы къызэригъэлъэгъуамкIэ, зи гугъу тщIы тхылъхэр хъумэныр УФ-м и щIыналъэм и пщэрылъхэм хохьэ икIи гъэзэщIакIуэ властым и органым зэгурыIуэныгъэ хузиIэ Iуэхущ. Властым и органыр щIыгъуу, тхылъхэр зыхъумэ организацэм дызыхуэкIуэ жэпуэгъуэм и 1 пщIондэ инвентаризацэ ищIу, документ псори хабзэкIэ итын хуейщ. А лэжьыгъэр зэфIихын папщIэ, «Урысей техинвентаризацэ» ГУП-м и щIыналъэ БТИ-м зэгурыIуэныгъэ иращIылIэну траухуащ.

Унафэм и проектым арэзы техъуа нэужь, 2016 гъэм КъБР-м и къэрал мылъкур уней (приватизацэ) зэращIыну я мурадым и планым (программэм) зэхъуэкIыныгъэхэр халъхьащ. ЩIы, мылъку зэхущытыкIэхэмкIэ министрым и къалэнхэр зыгъэзащIэ Ерыстау Ланэ зэхуэсахэм ягу къигъэкIыжащ республикэм и Правительствэм нэгъабэ шыщхьэуIум и 27-м къищта Унафэм ипкъ иткIэ, акцэ зэрыIыгъэу пщIы уней ящIыну зэрамурадыр. Къыхалъхьа проектымкIэ къэрал мылъкум хьыхьэу «Гидрометаллург», «Къэбэрдей-Балъкъэрым и вольфрам-молибден компание» АО-хэм ябгъэдэлъ акцэхэр приватизацэ ящIынухэм хагъэкIри «Iуащхьэмахуэ курорт» акционер обществэм и устав мылъкум и процент 71,7-р хагъэхьащ. Ящэну акцэ зэрыIыгъэм хэхъуэу сом мелуан щитху Iэпапэ кIуэну къалъытэ. Ерыстау Ланэ игъэбелджылащ дяпэкIэ уней ящIыну я мурад псэуалъэхэмрэ ямыгъэIэпхъуэ мылъкухэм ящIыщу хагъэкIыжахэмрэ.

ПсэупIэ-коммуналнэ хозяйствэм и объектхэр зэгурыIуэныгъэкIэ зезыхьэнухэм зэрыратыну щыкIэр зэрагъэуIун папщIэ, КъБР-м и Правительствэм и УнафэкIэ Iэнатiэхэм зздай комиссэ къызэрагъэпэщащ. Мы Iуэхур тещIыхьащ къэрал, муниципальнэ мылъкур фейдэ пылъу къэгъэсэбэпыным, лэжьыгъэм и фIагъым хэгъэхъуэным, апхуэдэу концессие зэгурыIуэныгъэхэм теухуа 115-нэ Федеральнэ законыр гъэзэщIэным.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и муниципальнэ зэхуаку гъуэгуанэм зэпымыууэ цIыхухэр къыщещхьэкIыныр зэрауэбыхуну тхылъымрэ псомиз къагъэсэбэп автомобиль, къалэ щIыб гъущI гъуэгу, токкIэ лажьэ пассажир транспорткIэ КъБР-м цIыхухэр зэпымыууэ щIыгъэIэпхъуэныр къызэрызэрагъэпэщ щIыкIэм и IуэхукIэкIэ» законым и проектымрэ къащтащ. Транспортымрэ связымкIэ къэрал комитетым и унафэщIым и къуэдзэ **Ульбашевэ Елизаветэ** зэрыжиIамкIэ, къыхалъхьа проектым гъуэгупщIэм къэдкIэ хигъэхъуэнукъым. Премьер-министрым къыхигъэщащ ар процентитхум фIагъэкI зэрымыхъунур.

Интернатурэмрэ ординатурэмрэ хэхауэ щрагъаджэхэм я къэрал стипендиехэм мазэ къэс сом минищ хущIагъунущ. Ахэр республикэм узынщагъэр хъумэныкIэ и Iуэхущ Iапэхэм щыIэжьэнущ. Абы теухуауэ яГъэхьэзыра проектым зэIущIэм арэзы щIетхъуащ.

Сабий гъэсапIэхэм, курыт еджапIэхэм, щIэныгъэ гъэдэкIи щрагъэгъуэт Iуэхущ Iэ зэрыщIэн ныбжьыщIэ ныкъуэдыкъуэхэм тэмэму щадэлэжьэн щхьэкIэ, муниципалитетхэм субсидиер зэрырагуэшэну щыкIэр Правительствэм и УнафэкIэ къащтащ. Республикэм и вице-премьер - егъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ министр **Емуз Нинэ** къызэригъэлъэгъуамкIэ, федеральнэ бюджетым щыщу сом мелуани 5-рэ мин тIощIрэ щырэ, республикэм ейуэ 1 мелуанрэ мин 894-рэ мы гъэм абы хухахащ.

КъБР-м и Правительствэм и Тхъэмадэм и япэ къуэдзэ - мэкъумэш хозяйствэмкIэ министр **Говоров Сергей** къытеувыIащ къуажэхэм зэпIэзэрыту зегъэужьыным теухуа федеральнэ программэхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым зэрыщагъэзащIэм.

- Мы гъэм программихым дыхэтщ, ауэ псоми зэхуэдэу къагъэсэбэп гъуэгуанэмрэ жылагъуэхэм я жэрдэмхэмрэ ятеухуахэм дыхьхьэфакъым. Абы къыжаIыу, Iуэхур зэхъэлIа министерствэхэм щызэхуагъэкIуэу, дызыхуей тхылъ псори фокIадэм и 20 пщIондэ муниципалитетхэм къыдатын хуейщ, - къыхигъэщащ министрым.

ЗэIущIэм хэтащ КъБР-м и Правительствэм и Тхъэмадэм и къуэдзэхэу Дадэ МуIэед, Битокъу Владимир, Парламентым и УнафэщIым и къуэдзэ Жанатаев Сэлим, къэрал комитетхэм, къалэ округхэмрэ муниципальнэ щIыналъэхэмрэ я щIыпIэ администрацэхэм я Iэтащхьэхэр, ирагъэблэгъа къулыкъущIэхэр.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

2017 гъэм и пэщIэдзэм пенсэм щIыгъуу зэ тыгъуэу сом 5000 пенсионерхэм яIэрыхьэнущ. Урысейм и Пенсэ фондым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и пресс-Iуэхущапэм щыгъуазэ дызэрищIащи, ар къуатын папщIэ Пенсэ фондым зыхуэгъэзэн е лъэIу тхылъ щIэлъхьэн хуейкъым.

ЗЭ ТЫГЪУЭ ахъшэр яIэрыхьэнущ Урысейм и Пенсэ фондымкIэ пенсэхэр зыIэрыхьэ, Урысей Федерацэм и щIыналъэм зэпымыууэ щцпсэу пенсионерхэм. Псори зэхэту абы кьыхэзщIибыдэнущ страховой пенсэ, къэрал пенсэ кьызэрэпэщыныгъэм тету пенсэр зыIэрыхьэ лажьэ икIи мылажьэ пенсионер мелуан 43-рэ. Абы текIуэдэнущ сом мелард 200-м щIигъу.

ПФР-м ит пенсэ лIэужьыгъуэ псоми 2016 гъэм процценти 4-кIэ хагъэхъуащ, абы мылажьэ пенсионерхэм я страховой пенсэри хыхьэу. Зэ тыгъуэ ахъшэр пенсионерхэм я дежкIэ сэбэп хъунущ уасэхэр щыхэхъуэ, бюджетым финанс хэкIыпIэу иIэхэр щыкъуэ щытыкIэм.

Зэ тыгъуэкIэ ахъшэм ехьалIа унафэр Урысей Федерацэм и Правительствэм къиштащ. Абы теухуа федеральнэ законыр мы зэманым Правительствэм егъэхьэзыр, ар бжьыхьэ сессием УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым къыщыхалъхьэнущ.

КъищынэмыщIауэ, къыхэгъэщыпхъэщ 2017 гъэм нэхъапэм индексацэ зэращIу щытам хуэкIуэжьыным теухуа унафэ УФ-м и Правительствэм къызэрищтар. Урысейм и Пенсэ фондым 2017 - 2019 гъэхэм тещIыхьа и бюджетым и проектым къегъэлъагъуэ законодательствэм тету пенсэм хэгъэхъуэныр.

Аращи, 2016 гъэм уасэхэм зэрыхэхъуам тещIыхьауэ мылажьэ пенсионерхэм я страховой пенсэхэм 2017 гъэм мазаем и 1-м щыщIэдзауэ дыщIагъунущ. Къэрал пенсэ къызэгъэпэщыныгъэмкIэ пенсэхэм, социальнэ пенсэхэри хыхьэу, мэлыжьыхьым и 1-м щыщIэдзауэ хагъэхъуэнущ, гъэ блэкIам псэун папщIэ пенсионерыр нэхъ мащIэ дыдэу зыхуеинур къалъытауэ.

УАРДЭ Жансурэт.

● Теплъэгъуэхэр

Iуащхьэмахуэ лъапэ ущыкIуэкIэ Былым къуажэм и Iэгъуэблагъэм. *Сурэтыр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● Гу зылъытапхъэ

Зэ тыгъуэу сом 5000 яIэрыхьэнущ

● КъБР-м и прокуратурэм

Зэрыщытауэ къагъэнэж

КъБР-м и Суд Нэхъыщхьэм уголовнэ IуэхухэмкIэ и суд коллегиер Агафонов В. хуэгъэзауэ къаIэта уголовнэ Iуэхум хэплащ.

УФ-м и УК-м и 69-нэ статьям и 3-нэ пунктыр къигъэсэбэпри, 166-нэ статьям и япэ Iыхьэмрэ а статьям и 2-нэ Iыхьэм и «а» пунктымкIэ 2016 гъэм накъыгъэм и 31-м Прохладнэ щIыналъэ судым и унафэкIэ ар мазиблкIэ ягъэтIысауэ щытащ.

Зэрытхъэусыхэж и тхылъым Агафонов В. щыщIэлъэIурт УФ-м и УК-м и 73-нэ статьямкIэ унафэр зэрахъуэкIыжу, уголовнэу ягъэтIысыну. Щхьэусыгъуэу къигъэлъагъуэр тезырир зыгъэщабэу и Iуэхум хэльа псори судым зэхигъэкIауэ къызэримыльытэрт.

Уголовнэ Iуэхум щыхэплъэм, лъэныкъуэхэм я тегъэщIапIэхэр зэпишэчри, ищхьэ судыр прокурорым арэзы дэхъуащ икIи унафэр зэрыщытауэ къигъэнэжащ.

Налшык къалэ судым щызэхагъэкI

КъБР-м и прокурорым и къуэдзэ Махуэ Артур Iэ щIидзащ 1974 гъэм къалъхуа щхьэзакъуэ хьэрычэтыщIэм хуэгъэзауэ къызэIуаха уголовнэ IуэхумкIэ тхылъым. Ар ягъэкъуаншэ УФ-м и УК-м и 198-нэ статьям и япэ Iыхьэм къыщыгъэлъэгъуа щIэпхъаджагъэ зэрилэжьам къыхэкIыну (налогышхуэ зэрыщIиуфам папщIэ).

СЛЕДСТВЭМ къызэрихутамкIэ, 2012 - 2013 гъэхэм игъэхьэзыра налог декларацэм хъыбар нэпцIэхэр къыщигъэлъэгъуащ, иужькIи а тхылъхэр имытурэ 2012 гъэм и щIышылэм къыщыщIэдзауэ 2014 гъэм и мэкъуауэгъуэ пщIондэ налогышхуэ - сом мелуани 2,7-м нэблагъэ зыкIэщIиупщIащ.

Зэрагъэкъуаншэ тхылъыр къащта нэужь, щыхэплъэн папщIэ, уголовнэ Iуэхур Налшык къалэ судым иратащ.

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Iуэхущапэ.

Лъэпкъым и псэр къызытещ «Нарт» эпосыр къалэм-къым, атІэ джатэщ зэрыгхар, ІыкІуэжь лъэпсщ, шууей бзлыхьхэм пхаша лъагъэщ, бзыльхугъэ нэпсщ, тыебзэщ, напэм ипэ ятэ псэ хейщ абы къыхэщыр.

Бежь Іэджэм я мылъкур къызыхэкІам хэкІуэдэжащ, псы куэд зэщІэжабзыкІыжащ абы лъандэрэ, къэнар лъэпкъым и эпосырщ. Тхыдэр къызыхэщыж нарт хъыбархэм дыщеджэкІэ адзэкъым я гукъеуэ макъ зэпыщох, абыхэм я уазэр тхьэкІуэмэ ящорохьэлІэ, ауэ дэтхэнэми абыхэм езым и щхьэхуэныгъэ, и дуней лъагъуКІэ гуэр хилъхьащ. МазитІым зэ къыдэкІ «Іуэрыгуатэ - дыщэ пхъуантэ» напэкІуэщІым и къалэныр ди гъунэгъуэхэм я Іуэрыгуатэм и фІыпІэм нэІуасэ фызуищІыныр. Дыщогугъ ар ффІэгъэщІэгъэныну.

Борэным и къуиблыр

Ингуш Іуэрыгуатэ

ЛІыжьхэм зэрыжаІэжымкІэ, Тхьэшхуэм къигъэщІа нартхэр щыпсэуа зэман пасэрщ мы хъыбарыр къыщыхъуар. Нартхэр лІыгъэ зыхьэлъ щІыху къаруубІэт, бгы лъапэм деж иІэ ауэым щежх псы уэр кІыбзэм и Іуфэм ІуІт. ЯпэщІыкІэ ахэр мащІэ дыдэт зэрыхъуу щытар, хуэмурэ щІэблэ къащІэхъуэурэ заужьри, псыхъуэм и кІыхьагъкІэ къуажэм щыдигьуат.

Нарт-пелуанхэм ящыщу лъыкІэ нэхъ къабзэу ехьыззенауэ къалъытэу Бешлом-Корта бгы лъапэм щыхэсу я лІыгъэкІэ щыщІэрыІуэт щІыпІэм. Абыхэм нэгъуэщІ зэхаГъэхьэртэкъым икІи зэрапэсыртэкъым, я гъащІэр зауэу, хъунщІэу ирахьэкІыпт. Псом хуэмыдэу ахэр нарт-цІыхьухэхэм яхэзгъэщІагъэнШэти, абыхэм зэпымыІуэу езауэрт, зэрыхьилэшым, куэдкІэ зэрыпэхъ губзыгъэм и фІыгъэкІи текІуэрт.

Зы закъуэт ахэр зыфІэлІыкІыр - къззыгъэщІа Тхьэрт. Махуэ хъзс бгы лъапэм нарт-цІыхуых щыхуаучІыуэр Тхьэм и нэфІ къалэжьыр. ЗыгуэркІэ нарт-пелуанхэм нарт-цІыхуухэм ящыщ къахэумыубдамэ, пхъэидзэ ящІыри, «Зи кІэн къикІыр» яуІыжьыр.

Сыти жьІи гуГу ехьу псэурт нартхэр.

А зэманым хьэкІэкхъуэкІэхэр иджыри щІым щыпсэурт зэкъым. Тхьэм мэз гуартэ къызыхуигъэнэжати, цІыхухэм къапэщІэхуэр яшхын хуейт хъуар. Ауэым къыщагъуэт удз, лъабжьэ зэмылІэужьыгъуэхэрт я ерыскъыгъуэр. Абыхэм я ныкъуэкъуэгу нарт-цІыхушхэр езырезыру зэрышхьжыпІи, ерыскъы къэгуГуеиным гуГу зыдагрэзэхьырт-тэкъым. Мыдрей нартхэм апхэуздэщІыкІэкІэ я лъэпкъыр кІэдыжьын щынагъуэ зэрыщыІэр къагурыІуэрти, а Іуэхур къаблагъ ящІакъым.

Арщхьэкіэ удэхэмрэ лъабжьэхэмрэ я мэжаІэ иригъэкІыртэкъым, Тхьэм зыхуагъэзэрей хъуащ. Псом хуэмыдэу цІымахуэрат ахэр гуГу щехьыр, дунейр зэщІэдиертри, я шхынхр тэмэму къаХэуэгуГуейртэкъым. Тхьэм щІымахуэм дыгъэр и гъунэгъуу иІыгът, абы и хуабагъэр цІыхухэм ялъэмыІэсу пшэ Іувхэмкіэ уафэр игъэбдэдэт. Жьлпэнракъэ, цІыхухэр къигъэщІу щІым къригъэхами, абыхэм я Іуэху къэпхъэ зэрихуэжьыртэкъым, зэрыхуягъэфащэмкІэ, ар нэхъ гъэщІэгъэун «гуэр» къэгъэщІыным яужь ихьат.

Нартхэр бгъэунщІагъ Іззэвлъэзвэхэм щІэсын хуей зэрыхъум, мы вз пцІанэм зэрыщыжейм, дунейм и къэхъуькъащІэхэм я псэупІэм зэрыщимыхъумэфым гугъу иригъэхьырт. Тхъэшхуэм гукъыдэж иІэу щыдыхьэшхкІэ абы къигъаче бгыхэм мывз дзакІэхэр къыгуидурэ цІыхуэхэр иукІырт. Губжьмэ, абы къыІурих Гъуэз щІыІэм нартхэм я щхьэр щІригъэхьэрт. Абыхэм къатехьэлъапэр Тхьэм и нэпс ткІуэпсышуэхэр щыІэпхъуэрт. Ауэ псом нэхъ нэхъ щынагъуэр ар и щхьэгъусэм щезэуэкІэт. Абдеж жьыпІэ псымрэ зэщІэту дунейкъутэжьшхуэ къэхъурт: псыр къыурт, уэсыр цы Іэрылъхьэу къехьырт, мывэшхуэхэр къехуэхьыурэ нарт тхъэмыщІэхэм къатехуэрт.

Тхьэр къамылым къыхэщІыкІа пщыІэ Іэхуитлъэхуитым зэрыщыпсэур, пшэ Іуэ щабэхэм зэрыщыжейр, иririкуэу мэпылиткІэ зэрыщІэхэр, фІэфІыхуу дыгъэм зэрыяритъэур цІыхуухэм ящІэрт. Арати, нартхэм тхъэусыхэрэ ягъэш щыхъум, Тхьэмрэ цІыхухэмрэ зэхуэмыварэзы хъуащ.

Тхьэусыхэ щхьэкІэ зыри къикІыртэкъым, нартхэр а зэрымэжаІэт, гугъу зерехьт, зыгуэркІэ хуэгуБжьауэ Тхьэм тхьэкъащІамэ - къахуигъэзгъэртэкъым, тхьэмыщкІагъэшхуэ къахуигъакІуэртри, хущІригъэгъуэжьырт.

Бешлом-Корта и лъапэм деж бгъэунщІагъ нэхъ куу дыдэм и жьакІэ кІыхьри и щхьэцри зэхуэдэу тхуауэ нарт Сосрыкъуэрэ абы и къуэ закъуэ Куркъуэрэ щыпсэурт. ЛІыжьым и ныбжьыр езыми ищІэжьыртэкъым, и щІалэгъуэу зэгуэр щытаци къыхуэгубзыгъэжьыр-тэкъым. Ар къэзыщІыху псоми лІыжьу фІэкІа нэгъуэщІу ялъэгуауэ къажэщІэжьыртэкъым.

Нартхэр абы и бгъэунщІагъым щыщэхуэсым деж Тхьэм теуухуа хьыбархэр яхуиУатэрт, абы и къарум и инагъымрэ и зэфІэкІымрэ тепсэлъыхьыпти, псоми я щхьэ ехьэхауэ абы едаІуэрт. Къэхъурт Сосрыкъуэ щыхэзэрыхьыж, апхэуздэжм деж абы жиІэжэр Тхьэм къыжьдилъхьэу къащыхьурт нартхэм.

- ТхьэМ и къэгъащІыгъэ псори дахэщ, инщ, абы нэхъыфІ зыри щыІэкъым. Куэд, куэд дыдэ щІащ ар къыззэрыхъурэ... Яхэтащ нартхэм ТхьэМ и тІысыпІэр къахутэн мурадкІэ бгым дэкІыну ежьахэр. Нартхэм я лІыхъужь нэхъыфІхэрт а гъуэгум ирагъэжьар, ауэ ахэр псори хэкІуэдащ. Тхьэр къэмыдагъэгубжьмэ нэхъыфІщ! - жиІэрт Сосрыкъэу.

- Тхьэр къэдмыгъэгубжьым нэхъыфІщ, - къытрагъэззэжьыгъэ зыжьэу жаІэрт нартхэм.

Сосрыкъуэ и щІалэ Куркъуэ а псалъэхэр и фІэщ мыхъуу и пащІэкІэ щІэгуфыкІ зэпытт.

Куэд щІат абы къигъэщІахэр къызэрыфІэмыІуэхум щхьэкІэ Тхьэм игу зэребгъэрэ. Адрей нартхэми хуэдэу, абыи гъаблэр, щІыІэр, дунейм и хъэхъуэщІэхэр мыхъэ-мытІэу игъэват. Ауэ адрейхэм къащхьэщыкІыу Куркъуэ къыхуиуахэмкІэ мыарэзыуэ Къэзыгъэщіам зыхуигъэгусэ зэпытт. Гу къабзэ зиІэ щІалэм апхэуздиз ІыгъэкІэ къарурэ зыхэлъ щІыхухэм игу щІэгъурт. Абы къыгурыІуэрт Тхьэм нартхэр къыщигъащІым мэл гуартэрэ къамылрэ къаритыжамэ, ахэр зыхуей хуэзэу зэрыпсэунхэр. Нарт-цІыхуххэмэи зэрышхыкІын щагъэтмэ, щІым щекІуэкІ зэзаУэ, зэрыфыщІкъомым хэмыту псэунт.

Арати, Куркъуэ Тхьэм ебзэджэкІыу, цІыхуэр насыпифІэ ищІыну мурад ищІащ. Абы куэдрэ я мурадыр зригъэтІыпъэкІащ, Тхьэм и гущІэгъум щыгугъыу.

Зэгуэрым абы нарт-цІыхуух къиубыдри, тхьэлъэІу ищІащ. Абдежым Куркъуэ и гум хыхьэу Тхьэ щелъэІури, ешаелІаУэ Іурихащ. ПщэдджьжьмкІэ и нэр къыщыІэтрихэм, бгъэунщІагъ щІыкъэпІэм деж мэл гуартэ щыхъэкІуэу къигъэуытыну щыгугъыу пІащІэу къыщІэкІами, къэпцІат. Псы Іуфэм жащ, абдеж щыту къыщыхъуу, аргуэру щыуат...

Куркъуэ губжьащ. Абы ищІэрт Тхьэм тыхь хуищІа нарт-цІыхуххэр ящжьрейуэ зэрыщытыр, абы къыхэкІыуи езыхэм ящыщ гуэр яукІын хуей зэрыхъунур.

Пщыхьэщхьэм нартхэр Сосрыкъуэ и бгъэунщІагъым щыІэжхуэсащ пхъэидзэ ящІу яукІынур зэхагъэкІыну.

Арати, Куркъуэ нартхэм захуегъаІэ:

- Нартхэ, си адэр щІэмыпэу зытепсэлъыхь Тхьэм дыщыгъупщІэжащ. Дэ Тхьэм и арэзынигъэ къэдлэжьыну зыдогъэмэжаІэ, тщыщ доукІыж езым мэл гуартэрэ къамылым къыхэщІыкІа унэрэ иІэщ. Абыхэмкіэ щхьддэгуашэ мыхъуну пІэрэт? Дг гугъуехьэхэр щимыльагъукІэ, ди лъэпхъэр щыІэхэмкІэ дыкъыщІэмыІуэхуу аракъэ?..

А напІэзыпІэм уафэрэгуагъуэшхуэ къэхъущ, мывз абрагъуэ къехуэхри Куркъуэ иукІ пэтащ.

Гыбзэ минхэр иутІыпщурэ Куркъуэ лъэныкъуэкІэ Іужащ.

Сосрыкъуэ бгъэунщІагъым мыпІащІыуэр къыщІэкІри:

- Фыкъеблагъэ, нартхэ! Нобэ Тхьэшхуэм тыхь зэрыхуэдмыщІам щхьэкІэ и губгъэн къыдоХь. Къагъэззэжауэ пІэрэ зауэлІхэм? - захуигъэзащ абы къыззэхуэсахэм.

- Къагъэззэжащ, ауэ нарт-цІыхуух къаХуэгъуэтакъым.

- Апхэуздэу щыхъукІэ, пхъэидзэ тщІынщ. Тхьэр зэрыщыгъупщам ирогубжь.

- Езыракъэ дызыщыгъупщар? - къыхокІиикІ Куркъуэ.

ЛІыжьыр нэбгрэукІэ щІалэм хуоплъэкІри:

- Уи жьэр гъэувыІэ, - жиІэ.

- Сэ абы сыщыщыныэркъым, - жэуап етыжЕ Куркъуэ.

- Хьэйм уимыкІ, фЫ щІэпхъкъым, щІалэ, - зыхуегъаззэ адэм къуэм.

Куркъуэ гупым къахьхьэжри, пхъэидзэм щдгъащІ.

Хъурейуэ къетІысэкІа нартхэм ящыщ зы ІьагапІэм дэпщейуэ Іэ щыбкІэ хъридзыхьа мывэр Куркъуэ и пащхьэ дыдэм щрехуэжащ.

- Си щІалэращ, - жиІащ Сосрыкъуэ нэщхъейуэ. - Бжесіати Тхьэм и губгъэн къыуМыхьыну. Сэ афІэкІа зэи уи макъ зэхэсхьжынукъым, усЪаГъужьжынукъым... ФыкІуи мафІэ фщІы, - захуигъэзащ абы нартхэм.

- СыкІуэнщи си бгъэунщІагъым щызгъэтІыпІъа гъурцхэр къэсхьынщ, - жиІэри Куркъуэ пъэныкъуэ зриугъэзащ.

Ар псыхъуэм дыхьэри, езым фІэкІ зыми имыщІыху бгъэунщІагъым зыщигъэпщкІуащ.

- Сэ зыратІ къыпщымышынэу къэхэкІари сэри сыкъэзыпъхуам себгъэукІыжыну ара уи мурадыр? Абы къикІыр сыт? Абы къикІрапи, уэ сэ укъысщошынэ. Араш саукІыну ущІыхуейри. Ауэ сэ сыпщышынэркъыми, сынозэуэну сыхьэзырщ, - къиІущэщырт щІалэм.

ЗэщІэдэІукІмэ, макъ гуэрхэр зэкІэ, ар нартхэм къалъыхъуэу арат. Иджыри къыздэсыи апхэуздэу зыщІа къэхъуатэкъыми, абыхэм щІалэм зэрызигъэпщкІуар ягъэщІагъуэрт.

Псори щым хъужьыхукІэ щІэсащ щІалэр и бгъэунщІагъым. Уафэгъуагъуэшхуэ къызэрыхъунур къапщІэу уафэр пшэхэм къызэщІащІэрт, жьыр апхэудизкІэ ин хъуати, бгым мывэхэр къыгуиШыкІыуэр нарт къуажэм къыдидзэрт. Куркъуэ езыри къэшынэжат, ауэ икІуэтыжыпІэ иІэтэкъым. Ар пІащІэу бгы лъапэм хуэкІуэри, банэ инхэр къыщыкІ Іуащхьэм дэкІуеин щІадзащ. Банэр здимыт щІыпІэм нэса иужькІи и Іуэхур нэхъ тынш хъуакъым щІалэм. Уэс цІэнтхъуэрыгъуэм и лъабжьэм щІэпъ мывэ къырхэр лъэгум гуузу къыхьхьэрт. АрщхьэкІэ, нарт щІалэр ипэкІэ кІуэ фІэкІа къикІыэртэкъым. Абдежым и щхьэщыгу дыдэм къуршыбгъэ абрагъуэ щхьэщыльэтащ. Нарт щІалэм апхэуздиз зи инагъ бзу зи илъэгъуатэкъыми Тхьэм и хэщІапІэм къэса фІэщІащ. ПльэмэІ, апхэудизрэ зыщІэкъуэпса мэл хъуШэри илъагуу къыфІощІ. АрщхьэкІэ, къуршыбгъэр блэлъэтри, псори кІуэдыжащ. ИтІанэ абы игу къэкІыжащ щыщІыкІым нарт лІыжьхэм жаІэжу зэхихьжа хъыбарыр. Нартхэм япэкІэ Тхьэшхуэм иныжь нэ закъуэкъэр къигъэщІри, езымрэ цІыхухэмрэ яку дигъэтІысхьауэ щытащ. Тхьэм ахэр къарууфІэ дыдэу къыІэщІащІати, езы дыдэри ящыщынэжырт. Абы къыхэкІыу езым и хъушэм щыщ псэущхьэ зыбжанэ абыхэм яритын хуей хъуат. И щыуагъэр зэригъэзэхуэжын папщІэ абы нартхэр къыгъэщІри, зыри яритакъым, ауэ щыхъукІи, езыхэм тыхь къыхуащІын хуейуи игъэуват.

Бгы зэхуакуэм иныжь нэ закъуэхэм я къуажэ зыбжанэ дэст. Куркъуэ фІэгъэщІэгъуэну щІыпІэр зэпиплъыхьырт. Абы дэнэ щищІэнт ТхьэМ нэхъ пэгъунэгъуу иныжьхэр зэрыщыІэр?!

ПсэупІэхэм языхэзым и бжэщхьэІум щыжей иныжьхэр къилъэгуауэ щІалэм. ИпэкІэ кІуэн щхьэкІэ абыебэкъуэн хуейти, лъэбакъуэ щичым, иныжьхэм и нэ закъуэр къызэтриихри:

- Ухэт уэ? - жиІэри щІэупщІащ.

- Сэ псыхъуэм дас нартхэм сащыщщ, - ет жэуап щІалэм.

- Дэнэ уэдэкІуэр?

- Тхьэшхуэм деж.

- Сыт щхьэкІэ?

- Абы уи Іуэху хэлъхъым.

- Си Іуэху хэмылъмэ, уи гъэзгу теуВэж, сэ нобэрей махуэм щакІуэ сыщыІащ.

- Тхьэм и хэщІапІэр сыгъэлъагъу.

- Захуэу кІуэи Тхьэм и къуиблым я хэщІапІэ мылылъэ губгъуэ къэплъагъунущ. Абыхэм гъэзгур уагъэлъагъунщ. КІуэ, зегъэхь, армыхъумэ укъызэрыдэкІуеи дыдэмкІэ уджэрэзу уеэздзыхьыжыщ.

Куэд дэмыкІыу иныжьым жьыхуиІам Куркъуэ нэсащ, кІыфІыГъэмрэ щІыІэ уаемрэ щытепщэ дунейт ар. ЩІалэм и лъакъуэхэр зэрыдиярэ, зэрешари, и жеин къызэрыкІуэри зыхихщІэртэкъым - и хъуэпсапІэм псэемыблэжу хуэкІуэрт.

Уафэ ныкъуэр ягъэбидзу щІалэм и пащхьэм иныжьхэм кІихутащ. Абыхэм я Іэр зэрыубыдауэ Куркъуэ и гъэзгум къыІетеувэри, яГъэгужьеящ.

- Фыхэт фэ? - щІэупщІащ щІалэр Іэнкуну.

ЖьапщэшхуэКъэхъуам хьэжкурий ищІауэ уэсыр кърехьэкІри, щІалэм и нэр игъапІэрыжьыр. Ар иныжьхэр дыхьэшхыу зэгуэр щытаци къыхуэгубзыгъэжьыр-тэкъым. Ар къэзыщІыху псоми лІыжьу фІэкІа нэгъуэщІу ялъэгуауэ къажэщІэжьыртэкъым.

Нартхэр абы и бгъэунщІагъым щыщэхуэсым деж ТхьэМ теуухуа хьыбархэр яхуиУатэрт, абы и къарум и инагъымрэ и зэфІэкІымрэ тепсэлъыхьыпти, псоми я щхьэ ехьэхауэ абы едаІуэрт. Къэхъурт Сосрыкъуэ щыхэзэрыхьыж, апхэуздэжм деж абы жиІэжэр ТхьэМ къыжьдилъхьэу къащыхьурт нартхэм.

- ТхьэМ и къэгъащІыгъэ псори дахэщ, инщ, абы нэхъыфІ зыри щыІэкъым. Куэд, куэд дыдэ щІащ ар къыззэрыхъурэ... Яхэтащ нартхэм ТхьэМ и тІысыпІэр къахутэн мурадкІэ бгым дэкІыну ежьахэр. Нартхэм я лІыхъужь нэхъыфІхэрт а гъуэгум ирагъэжьар, ауэ ахэр псори хэкІуэдащ. Тхьэр къэмыдагъэгубжьмэ нэхъыфІщ! - жиІэрт Сосрыкъэу.

- Тхьэр къэдмыгъэгубжьым нэхъыфІщ, - къытрагъэззэжьыгъэ зыжьэу жаІэрт нартхэм.

Сосрыкъуэ и щІалэ Куркъуэ а псалъэхэр и фІэщ мыхъуу и пащІэкІэ щІэгуфыкІ зэпытт.

Куэд щІат абы къигъэщІахэр къыззэрыфІэмыІуэхум щхьэкІэ Тхьэм игу зэребгъэрэ. Адрей нартхэми хуэдэу, абыи гъаблэр, щІыІэр, дунейм и хъэхъуэщІэхэр мыхъэ-мытІэу игъэват. Ауэ адрейхэм къащхьэщыкІыу Куркъуэ къыхуиуахэмкІэ мыарэзыуэ Къэзыгъэщіам зыхуигъэгусэ зэпытт. Гу къабзэ зиІэ щІалэм апхэуздиз ІыгъэкІэ къарурэ зыхэлъ щІыхухэм игу щІэгъурт. Абы къыгурыІуэрт Тхьэм нартхэр къыщигъащІым мэл гуартэрэ къамылрэ къаритыжамэ, ахэр зыхуей хуэзэу зэрыпсэунхэр. Нарт-цІыхуххэмэи зэрышхыкІын щагъэтмэ, щІым щекІуэкІ зэзаУэ, зэрыфыщІкъомым хэмыту псэунт.

Арати, Куркъуэ Тхьэм ебзэджэкІыу, цІыхуэр насыпифІэ ищІыну мурад ищІащ. Абы куэдрэ я мурадыр зригъэтІыпъэкІащ, Тхьэм и гущІэгъум щыгугъыу.

Зэгуэрым абы нарт-цІыхуух къиубыдри, тхьэлъэІу ищІащ. Абдежым Куркъуэ и гум хыхьэу Тхьэ щелъэІури, ешаелІаУэ Іурихащ. ПщэдджьжьмкІэ и нэр къыщыІэтрихэм, бгъэунщІагъ щІыкъэпІэм деж мэл гуартэ щыхъэкІуэу къигъэуытыну щыгугъыу пІащІэу къыщІэкІами, къэпцІат. Псы Іуфэм жащ, абдеж щыту къыщыхъуу, аргуэру щыуат...

Куркъуэ губжьащ. Абы ищІэрт Тхьэм тыхь хуищІа нарт-цІыхуххэр ящжьрейуэ зэрыщытыр, абы къыхэкІыуи езыхэм ящыщ гуэр яукІын хуей зэрыхъунур.

Пщыхьэщхьэм нартхэр Сосрыкъуэ и бгъэунщІагъым щыІэжхуэсащ пхъэидзэ ящІу яукІынур зэхагъэкІыну.

Арати, Куркъуэ нартхэм захуегъаІэ:

- Нартхэ, си адэр щІэмыпэу зытепсэлъыхь Тхьэм дыщыгъупщІэжащ. Дэ Тхьэм и арэзынигъэ къэдлэжьыну зыдогъэмэжаІэ, тщыщ доукІыж езым мэл гуартэрэ къамылым къыхэщІыкІа унэрэ иІэщ. Абыхэмкіэ щхьддэгуашэ мыхъуну пІэрэт? Дг гугъуехьэхэр щимыльагъукІэ, ди лъэпхъэр щыІэхэмкІэ дыкъыщІэмыІуэхуу аракъэ?..

А напІэзыпІэм уафэрэгуагъуэшхуэ къэхъущ, мывз абрагъуэ къехуэхри Куркъуэ иукІ пэтащ.

Гыбзэ минхэр иутІыпщурэ Куркъуэ лъэныкъуэкІэ Іужащ.

Сосрыкъуэ бгъэунщІагъым мыпІащІыуэр къыщІэкІри:

- Фыкъеблагъэ, нартхэ! Нобэ Тхьэшхуэм тыхь зэрыхуэдмыщІам щхьэкІэ и губгъэн къыдоХь. Къагъэззэжауэ пІэрэ зауэлІхэм? - захуигъэзащ абы къыззэхуэсахэм.

- Къагъэззэжащ, ауэ нарт-цІыхуух къаХуэгъуэтакъым.

- Апхэуздэу щыхъукІэ, пхъэидзэ тщІынщ. Тхьэр зэрыщыгъупщам ирогубжь.

- Езыракъэ дызыщыгъупщар? - къыхокІиикІ Куркъуэ.

ЛІыжьыр нэбгрэукІэ щІалэм хуоплъэкІри:

- Уи жьэр гъэувыІэ, - жиІэ.

- Сэ абы сыщыщыныэркъым, - жэуап етыжЕ Куркъуэ.

- ХьэйМ уимыкІ, фЫ щІэпхъкъым, щІалэ, - зыхуегъаззэ адэм къуэм.

Куркъуэ гупым къахьхьэжри, пхъэидзэм щдгъащІ.

Хъурейуэ къетІысэкІа нартхэм ящыщ зы ІьагапІэм дэпщейуэ Іэ щыбкІэ хъридзыхьа мывэр Куркъуэ и пащхьэ дыдэм щрехуэжащ.

- Си щІалэращ, - жиІащ Сосрыкъуэ нэщхъейуэ. - Бжесіати Тхьэм и губгъэн къыуМыхьыну. Сэ афІэкІа зэи уи макъ зэхэсхьжынукъым, усЪаГъужьжынукъым... ФыкІуи мафІэ фщІы, - захуигъэзащ абы нартхэм.

- СыкІуэнщи си бгъэунщІагъым щызгъэтІыпІъа гъурцхэр къэсхьынщ, - жиІэри Куркъуэ пъэныкъуэ зриугъэзащ.

Ар псыхъуэм дыхьэри, езым фІэкІ зыми имыщІыху бгъэунщІагъым зыщигъэпщкІуащ.

- Сэ зыратІ къыпщымышынэу къэхэкІари сэри сыкъэзыпъхуам себгъэукІыжыну ара уи мурадыр? Абы къикІыр сыт? Абы къикІрапи, уэ сэ укъысщошынэ. Араш саукІыну ущІыхуейри. Ауэ сэ сыпщышынэркъыми, сынозэуэну сыхьэзырщ, - къиІущэщырт щІалэм.

ЗэщІэдэІукІмэ, макъ гуэрхэр зэкІэ, ар нартхэм къалъыхъуэу арат. Иджыри къыздэсыи апхэуздэу зыщІа къэхъуатэкъыми, абыхэм щІалэм зэрызигъэпщкІуар ягъэщІагъуэрт.

Псори щым хъужьыхукІэ щІэсащ щІалэр и бгъэунщІагъым. Уафэгъуагъуэшхуэ къызэрыхъунур къапщІэу уафэр пшэхэм къызэщІащІэрт, жьыр апхэудизкІэ ин хъуати, бгым мывэхэр къыгуиШыкІыуэр нарт къуажэм къыдидзэрт. Куркъуэ езыри къэшынэжат, ауэ икІуэтыжыпІэ иІэтэкъым. Ар пІащІэу бгы лъапэм хуэкІуэри, банэ инхэр къыщыкІ Іуащхьэм дэкІуеин щІадзащ. Банэр здимыт щІыпІэм нэса иужькІи и Іуэхур нэхъ тынш хъуакъым щІалэм. Уэс цІэнтхъуэрыгъуэм и лъабжьэм щІэпъ мывэ къырхэр лъэгум гуузу къыхьхьэрт. АрщхьэкІэ, нарт щІалэр ипэкІэ кІуэ фІэкІа къикІыэртэкъым. Абдежым и щхьэщыгу дыдэм къуршыбгъэ абрагъуэ щхьэщыльэтащ. Нарт щІалэм апхэуздиз зи инагъ бзу зи илъэгъуатэкъыми Тхьэм и хэщІапІэм къэса фІэщІащ. ПльэмэІ, апхэудизрэ зыщІэкъуэпса мэл хъушэри илъагуу къыфІощІ. АрщхьэкІэ, къуршыбгъэр блэлъэтри, псори кІуэдыжащ. ИтІанэ абы игу къэкІыжащ щыщІыкІым нарт лІыжьхэм жаІэжу зэхихьжа хъыбарыр. Нартхэм япэкІэ Тхьэшхуэм иныжь нэ закъуэкъэр къигъэщІри, езымрэ цІыхухэмрэ яку дигъэтІысхьауэ щытащ. Тхьэм ахэр къарууфІэ дыдэу къыІэщІащІати, езы дыдэри ящыщынэжырт. Абы къыкІэкІыу езым и хъушэм щыщ псэущхьэ зыбжанэ абыхэм яритын хуей хъуат. И щыуагъэр зэригъэзэхуэжын папщІэ абы нартхэр къыгъэщІри, зыри яритакъым, ауэ щыхъукІи, езыхэм тыхь къыхуащІын хуейуи игъэуват.

Бгы зэхуакуэм иныжь нэ закъуэхэм я къуажэ зыбжанэ дэст. Куркъуэ фІэгъэщІэгъуэну щІыпІэр зэпиплъыхьырт. Абы дэнэ щищІэнт ТхьэМ нэхъ пэгъунэгъуу иныжьхэр зэрыщыІэр?!

ПсэупІэхэм языхэзым и бжэщхьэІум щыжей иныжьхэр къилъэгуауэ щІалэм. ИпэкІэ кІуэн щхьэкІэ абы ебэкъуэн хуейти, лъэбакъуэ щичым, иныжьхэм и нэ закъуэр къызэтриихри:

- Ухэт уэ? - жиІэри щІэупщІащ.

- Сэ псыхъуэм дас нартхэм сащыщщ, - ет жэуап щІалэм.

- Дэнэ уэдэкІуэр?

- Тхьэшхуэм деж.

- Сыт щхьэкІэ?

- Абы уи Іуэху хэлъхъым.

- Си Іуэху хэмылъмэ, уи гъэзгу теуВэж, сэ нобэрей махуэм щакІуэ сыщыІащ.

- Тхьэм и хэщІапІэр сыгъэлъагъу.

- Захуэу кІуэи Тхьэм и къуиблым я хэщІапІэ мылылъэ губгъуэ къэплъагъунущ. Абыхэм гъэзгур уагъэлъагъунщ. КІуэ, зегъэхь, армыхъумэ укъызэрыдэкІуеи дыдэмкІэ уджэрэзу уеэздзыхьыжыщ.

Куэд дэмыкІыу иныжьым жьыхуиІам Куркъуэ нэсащ, кІыфІыГъэмрэ щІыІэ уаемрэ щытепщэ дунейт ар. ЩІалэм и лъакъуэхэр зэрыдиярэ, зэрешари, и жеин къызэрыкІуэри зыхихщІэртэкъым - и хъэпсапІэм псэемыблэжу хуэкІуэрт.

Уафэ ныкъуэр ягъэбидзу щІалэм и пащхьэм иныжьхэм кІихутащ. Абыхэм я Іэр зэрыубыдауэ Куркъуэ и гъэзгум къыІетеувэри, яГъэгужьеящ.

- Фыхэт фэ? - щІэупщІащ щІалэр Іэнкуну.

ЖьапщэшхуэКъэхъуам хьэжкурий ищІауэ уэсыр кърехьэкІри, щІалэм и нэр игъапІэрыжьыр. Ар иныжьхэр дыхьэшхыу зэгуэр щытаци къыхуэгубзыгъэжьыр-тэкъым. Ар къэзыщІыху псоми лІыжьу фІэкІа нэгъуэщІу ялъэгуауэ къажэщІэжьыртэкъым.

Нартхэр абы и бгъэунщІагъым щыщэхуэсым деж ТхьэМ теуухуа хьыбархэр яхуиУатэрт, абы и къарум и инагъымрэ и зэфІэкІымрэ тепсэлъыхьыпти, псоми я щхьэ ехьэхауэ абы едаІуэрт. Къэхъурт Сосрыкъуэ щыхэзэрыхьыж, апхэуздэжм деж абы жиІэжэр ТхьэМ къыжьдилъхьэу къащыхьурт нартхэм.

- ТхьэМ и къэгъащІыгъэ псори дахэщ, инщ, абы нэхъыфІ зыри щыІэкъым. Куэд, куэд дыдэ щІащ ар къыззэрыхъурэ... Яхэтащ нартхэм ТхьэМ и тІысыпІэр къахутэн мурадкІэ бгым дэкІыну ежьахэр. Нартхэм я лІыхъужь нэхъыфІхэрт а гъуэгум ирагъэжьар, ауэ ахэр псори хэкІуэдащ. Тхьэр къэмыдагъэгубжьмэ нэхъыфІщ! - жиІэрт Сосрыкъэу.

- Тхьэр къэдмыгъэгубжьым нэхъыфІщ, - къытрагъэззэжьыгъэ зыжьэу жаІэрт нартхэм.

Сосрыкъуэ и щІалэ Куркъуэ а псалъэхэр и фІэщ мыхъуу и пащІэкІэ щІэгуфыкІ зэпытт.

Куэд щІат абы къигъэщІахэр къыззэрыфІэмыІуэхум щхьэкІэ Тхьэм игу зэребгъэрэ. Адрей нартхэми хуэдэу, абыи гъаблэр, щІыІэр, дунейм и хъэхъуэщІэхэр мыхъэ-мытІэу игъэват. Ауэ адрейхэм къащхьэщыкІыу Куркъуэ къыхуиуахэмкІэ мыарэзыуэ Къэзыгъэщіам зыхуигъэгусэ зэпытт. Гу къабзэ зиІэ щІалэм апхэуздиз ІыгъэкІэ къарурэ зыхэлъ щІыхухэм игу щІэгъурт. Абы къыгурыІуэрт Тхьэм нартхэр къыщигъащІым мэл гуартэрэ къамылрэ къаритыжамэ, ахэр зыхуей хуэзэу зэрыпсэунхэр. Нарт-цІыхуххэмэи зэрышхыкІын щагъэтмэ, щІым щекІуэкІ зэзаУэ, зэрыфыщІкъомым хэмыту псэунт.

Арати, Куркъуэ Тхьэм ебзэджэкІыу, цІыхуэр насыпифІэ ищІыну мурад ищІащ. Абы куэдрэ я мурадыр зригъэтІыпъэкІащ, Тхьэм и гущІэгъум щыгугъыу.

Зэгуэрым абы нарт-цІыхуух къиубыдри, тхьэлъэІу ищІащ. Абдежым Куркъуэ и гум хыхьэу Тхьэ щелъэІури, ешаелІаУэ Іурихащ. ПщэдджьжьмкІэ и нэр къыщыІэтрихэм, бгъэунщІагъ щІыкъэпІэм деж мэл гуартэ щыхъэкІуэу къигъэуытыну щыгугъыу пІащІэу къыщІэкІами, къэпцІат. Псы Іуфэм жащ, абдеж щыту къыщыхъуу, аргуэру щыуат...

Куркъуэ губжьащ. Абы ищІэрт Тхьэм тыхь хуищІа нарт-цІыхуххэр ящжьрейуэ зэрыщытыр, абы къыхэкІыуи езыхэм ящыщ гуэр яукІын хуей зэрыхъунур.

Пщыхьэщхьэм нартхэр Сосрыкъуэ и бгъэунщІагъым щыІэжхуэсащ пхъэидзэ ящІу яукІынур зэхагъэкІыну.

Арати, Куркъуэ нартхэм захуегъаІэ:

- Нартхэ, си адэр щІэмыпэу зытепсэлъыхь Тхьэм дыщыгъупщІэжащ. Дэ Тхьэм и арэзынигъэ къэдлэжьыну зыдогъэмэжаІэ, тщыщ доукІыж езым мэл гуартэрэ къамылым къыхэщІыкІа унэрэ иІэщ. Абыхэмкіэ щхьддэгуашэ мыхъуну пІэрэт? Дг гугъуехьэхэр щимыльагъукІэ, ди лъэпхъэр щыІэхэмкІэ дыкъыщІэмыІуэхуу аракъэ?..

А напІэзыпІэм уафэрэгуагъуэшхуэ къэхъущ, мывз абрагъуэ къехуэхри Куркъуэ иукІ пэтащ.

Гыбзэ минхэр иутІыпщурэ Куркъуэ лъэныкъуэкІэ Іужащ.

Сосрыкъуэ бгъэунщІагъым мыпІащІыуэр къыщІэкІри:

- Фыкъеблагъэ, нартхэ! Нобэ Тхьэшхуэм тыхь зэрыхуэдмыщІам щхьэкІэ и губгъэн къыдоХь. Къагъэззэжауэ пІэрэ зауэлІхэм? - захуигъэзащ абы къыззэхуэсахэм.

- Къагъэззэжащ, ауэ нарт-цІыхуух къаХуэгъуэтакъым.

- Апхэуздэу щыхъукІэ, пхъэидзэ тщІынщ. Тхьэр зэрыщыгъупщам ирогубжь.

- Езыракъэ дызыщыгъупщар? - къыхокІиикІ Куркъуэ.

ЛІыжьыр нэбгрэукІэ щІалэм хуоплъэкІри

● Фокiадэм и 20-р Адыгэхэм я махуэщ

щIэныгъэлI Iэзэ, хэкупсэ нэс

**Филологие щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, щIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ академием, АкмеологиемкIэ Дунейпсо академием я академик Апажэ Мухьэмэд Лэкъумэн и къуэр ящыщ лъэпкъ щIэныгъэм зегъэужьыным хэлъхьэныгъэ ин хуэзыщIа хэкупсэхэм. Ар Шэджэм районым хыхьэ Щхьэлыкъуэ къуажэм къыщалъхуащ 1930 гъэм и бадзэуэгъуэм и 5-м. Жылэм дэт курыт школыр зыварзынэу къиухри, Мухьэмэд еджэным щыпищащ Налшык педучилищэм. Абы щызригъэгъуэта щIэныгъэм адэкIи хигъэхъуэн и мураду, щIалэщIэр лъэпощхьэпоуншэу щIэтIысхьащ Къэбэрдей педагогикэ институтым икIи 1954 гъэм еджэныр ехьулIэныгъэкIэ зэфIигъэкIащ. Къыхиха Iэщ1агъэмкIэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ зэзыгъэгъуэта, зэфIэкI лъагэхэр къызыкъуэкIыну гу зылъата Апажэр институтым и унафэщIхэм я жэрдэмкIэ абы къагъэнэжауэ щытащ еджанIэм уриусыбзэмкIэ и кафедрэм и ассистенту. Абы лъандэрэ блэкIа илъэсхэм Апажэр КъБКъУ-м пыщIащ, бгъэдэлъ щIэныгъэ куури зэфIэкI абрагъуэри лъэпкъ щIэныгъэм и зыужьыныгъэм хуигъэпсу, бзэр щIалэгъуалэ мин бжыгъэхэм я гущIэм нихьэсу.

ЩIэныгъэлI щыпкъэм и къалэмыпэм къыпыкIа къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэм я бжыгъэр 300-м щIегъу. Абыхэм яхэтщ монографие щхьэхуэу, псалъалъэу, зэреджэ пособиеу 20-м щIигъу. Апэрэ шэщIауэ къыщагъэсэбгп Къэбэрдей-Балькэрым, Къэрэшей-Щэрджэсым, Адыгейм щылажьэ еджапIэ нэхъыщхьэхэм, педколледжхэм, курыт школхэм. Апажэм и къалэмыпэм къыпыкIа щIэныгъэ лэжьыгъэхэм ящыщ куэд къыщыдэкIащ ди къэралым и къалащхьэ Москвау нэгъуэщI хамэ щIыналъэхэмя я тхылъ тедзапIэхэм. Мухьэмэд иригъэкIэжа къэхутэныгъэхэм тегъэщIапIэ ящIу ди республикэмк, УФ-ми, хамэ къэралхэми къыщыдэкIа тхылъхэмрэ тхыгъэхэмрэ 500-м щIегъу.

Апажэ Мухьэмэд жыджэру хэтащ икIи куэдрэ я къызэгъэпэщакIуэ щытащ бзэщIэныгъэхэмкIэ екIуэкIа дунейпсо конгрессхэм, конференцхэм, симпозиумхэм. Апхуэдэхэщ, псалъэм пащIэ, ар зыхэта щIэныгъэ зэхыхьэхэу Гаванэ (1978 гъэ), Хельсинки (1986 гъэ), Тампере (1987 гъэ), Ювяскюля (1988 гъэ), Симферополь (1991 гъэ), Налшык (1993, 2000, 2003 гъэхэм), Псыхуабэ (1996, 2004 гъэхэм), Тбилиси (1998 гъэ), Сыхъум (1999 гъэ), Мейкьуапэ (2006 гъэ), нэгъуэщIхэри. Апхуэдэу щIэныгъэлI щыпкъэр щылащ икIи я утыкуэм и псалъэ щигъэIуащ Налшык (1962, 1977, 1986 гъэхэм), Къэзан (1964 гъэ), Сыхъум (1971 гъэ), Ленинград (1972 гъэ), Тэн Iуфэ Iус Ростов (1972 гъэ), Москва (1980, 1990 гъэхэм) щекIуэкIа союзпсо конференцхэм, Грозн (1982 гъэ), Псыхуабэ (1997 гъэ), Мейкьуапэ (1998 гъэ), Налшык (2000 гъэ) къыщызэрагъэпэща зэхьхьэхэм, Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм и къалэ инхэм щыIа щIыналъэпсо зэхуэсхэм.

Хамэ къэралхэм я еджапIэ нэхъыщхьэхэм илъэс куэдIкIэ урысыбзэкIэ лекцэ къыщеджэу, ди къэралым икIа егъэджакIуэ гупым я унафэщIу лажьэу, абы щIыхь пылъу иIэтащ ди Хэкум щызекIуэ бзэщIэныгъэм, урысыбзэм я пщIэр. Абы хэлъхьэныгъэшхуэ хуищIащ ди къэралым щыпсэу лъэпкъхэм, псом япэу Къэбэрдей-Балькэрыбзэр Кавказ Ищхъэрэ щIыналъэм хиубыдэ нэгъуэщI республикэхэмрэ исхэм, яхэль хабзэхэр, зэрахьэ щэнхабзэхэр къаригъэщIэным.

Бгъэдэлъ щIэныгъэ лъагэмкIэ ядэгуашэу, Апажэ Мухьэмэд гъэсэныгъэрэ Iэзагърэ яхилъхьащ ди республикэми нэгъуэщI щIыпIэхэми нобэ щыпашэ Iэщ1агъэлI куэдым. Профессор цIэрыIуэм и нэIэм щIэту кандидат диссертацэхэр ягъэхъэзыращ икIи екъуIэныгъэкIэ пхагъэкIащ щIэныгъэм япэ лъэбакъуэхэр щызыч Iэщ1агъэлI ныбжьыщIэхэм.

КъБКъУ-м, ди къэралымрэ нэгъуэщI щIыпIэхэмрэ я еджапIэ нэхъыщхьэхэм я студентхэм Апажэр илъэс куэдкIэ къащыхуеджащ щIэщIэныгъэм хэлъ Iуэхугъуэ щхьэхуэхэм екъэпIа лекцэхэм, спецкурсхэр игугъэкIэкIащ. Абыхэм я фIэщыгъэхэм къыбжаIэ яIэ мыхьэнэр зыхуэдэр: «Бзэхэр зэрызэдзалажь щыкIэр», «Урысыбзэр щаджкIэ анэдзэлъхубзэм и мардджэр къэлъытэн зэрыхуейр», «ЕджапIэ нэхъыщхьэхэм щрагъэкIуэкI бзэщIэныгъэ къэхутэныгъэхэр», нэгъуэщIхэри. Коменский Ян и цIэр зезыхьэу Братиславэ къалэм (Словакие), Гаванэ университетым (Кубэ), Орьенте университетым (Сантьяго де Кубэ), Ювяскюля университетым (Финляндие) щылажьэ егъэджакIуэхэмрэ курс нэхъыжьхэм щIэс студентхэмрэ Апажэр куэдрэ къахуеджащ абыхэм гукъинэж яIэщхьуа спецкурс купщIафIэ - «Урыс энциклопедиемрэ филологие лексикографиемрэ».

Зи щIэныгъэ къэуухьи икъукIэ куэд кьызэщIиубыдэ лингвистеджагъэшхуэ Апажэ Мухьэмэд еэзым и кандидат («Урысыбзэмрэ адыгэбзэмрэ яку дэлъ зэхущытыкIэ», 1965 гъэ), доктор («Лексикэр унэтIныныгъэ щхьэхуэу къэхутэным теухуауэ», 1993 гъэ) диссертацэхэр щыпхигъэкIащ СССР-м, Урысыбзэм гъэхэмкIэ я академиехэм Бзэ щIДАА-м игъэхьэзыр «Хэт хъуну, сыт и лэжьыгъэ» библиографие щIэнгъуаэз псалъалъэр хущIэзыгъэкIхэм ящыщ щIэныгъэлI Iэзэр икIи жылагъуэ лэжьакIуэ жыджэрыр.

И нэхэм сэкъатышхуэ ягъуэтами, Апажэм, дапщэщи хуэдэу, иджыри иregъэкIуэкI щIэныгъэкъэхутэныгъэ лэжьыгъэшхуэхэр. 2012 гъэм абы и къалэмыпэм къыпыкIащ икIи дунейм къытехьащ «Кавказ Ищхъэрэм псалъалъэ-щIэнгъуаэз Iуэхур щыхэтеуэвгъэныкIэ Iуэхур лексикографиемрэ иIэ мыхьэнэр» зи фIэщыгъэ монографиер. Мы зэманым абы иregъэкIуэкI урысыбзэмрэ адыгэбзэмрэ ятеуэху къэхутэныгъэщIэхэр. Абыкъ Апажэм щIэгъэкъуэн къыхуохъу и унагъуэм исхэр.

ЗэфIих щIэныгъэ-къэхутэныгъэ, егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэшхуэм къадэкIуэу, Апажэ Мухьэмэд дапщэщи жыджэру хэтащ зыщылажьэ факультетым, университетым, ди республикэм щекIуэкI жылагъуэ Iуэхуэхэм. ХэхыгъуиткIэ (1968 - 1974 гъэхэм) ар лэжьащ КъБКъУ-м и тхыдэ-филологие факультетым и декану, илъэситкIэ (1961, 1967 гъэхэм) щытащ КъБКъУ-м студентхэр щIэзыгъэгъЕысхь и комиссэм жэуап зыхь и секретару. 1968-1975 гъэхэм лэжьащ КъБКъУ-м и Диссертацэ советым и кьудамэхэм ящыщ зым и пашэу, куэдрэ щытащ КъБКъУ-м и ЩIэныгъэ советым и секретару. Апажэр и редактору щытащ «Университетская жизнь» газетым, абы и нэIэм щIэтащ университетым и педагогикэ факультетым и редакцэ-тхылъ тедзапIэмрэ методикэ советымрэ, лъэпкъ, урыс филологиехэмкIэ кафедрэм и пашэу щытащ 1992-2007 гъэхэм. Иджыпстуи ар хэтщ КъБКъУ-м и Диссертацэ советым.

Апажэм и лэжьыгъэ купщIафIэхэм къапэкIуауэ Iэнатlэ зэмыльэужьыгъуэхэм къабгъэдэкI щIыхь, фIыщIэ тхылъхэр, къэралдамыгъэ лъапIэхэр. Абыхэм ящыщщ «1941-1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм зэфIихуа гуащIэдэкI лэжьыгъэм папщIэ», «ЛэжьыгъэмI и ветеран», «1941-1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм ТекIуэныгъэ къызэрыщытхьрэ илъэс 65-рэ ирокъу» орденхэр, Макаренкэ Антон и цIэкIэ щыIэ медалыр - егъэджэныгъэ Iэнатlэм щыщыIэ дамыгъэхэм я нэхъ лъапIэр. Апажэ Мухьэмэд къыхуагъэфэщащ Чехословакиемк, Кубэм, Финляндиемк, СССР-м, УФ-м егъэджэныгъэмкIэ я министерствэхэм, еджапIэ нэхъыщхьэхэм, КъБР-м, КъБКъУ-м я жылагъуэ зэгухэныгъэхэм къабгъэдэкI щIыхь тхылъхэри.

Апхуэдизу лэжьыгъэ купщIафIэ зи щIыбагъ къыдэлъ, лъэпкъ щIэныгъэм и зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэ ин хуэзыщIа щIэныгъэлI щэджащэм хуэфащэ дыдэщ «КБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» щIэ лъапIэри. Ди республикэм къыбгъэдэкI апхуэдэ гулъытэр, шэч хэмылъу, кьилэжьащ Апажэ Мухьэмэд Лэкъумэн и къуэм, зи гъащIэ псор адыгэ лъэпкъым хуэзыгъэпса щIэныгъэлI Iэзэм, хэкупсэ нэсым.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

Профессор Апажэ Мухьэмэд

● Футбол

IэнэщIу яутIыпщыжакъым

«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Луч-Энергия» (Владивосток) - 0:1 (0:1). Налшык. «Спартак» стадион. Фокiадэм и 10-м. Щыху 2500-рэ елъпащ.

Судьяхэр: Казарцев, Абусуев (тIыри Санкт-Петербург щыщщ), Стипиди (Краснодар).

«Спартак-Налшык»: Антипов, Кузнецов (Соблыр, 46), Дашаев, Мурачёв, Семёнов, Войнов (Каркаев, 59), Ахриев, Дроздов (Багъэтыр, 82), Бажэ, Гугуев, Мухьэммэд (Ахъядов, 46).

«Луч-Энергия»: Гаврилов, Попов, Насадюк, Пискунов, Кашкавал, Коломыц, Грицаенкэ, Гриднев (Пономаренкэ, 45+1), Машнев, Михалёв (Минич, 84), Гордиенкэ (Носов, 71).

Топыр дигъэкIащ Михалёвым, 32.

Дагъуэ къыхуащIащ: Гридневым, Мурачёвым, Дашаевым, Гордиенкэ, Семёновым, Минич, Насадюк, Антиповым.

«СПАРТАК-Налшыкым» и фащэр ящыгъыу щэбэт кIуам «Луч-Энергия» командэм дэджэгуну къихьахэм ящыщу Бажэ Амир и закъуэт ди щIыпIэм къыщалъхуауэ яхэтыр. ЗэIущIэм и етIуанэ IыхьэмI, Iуэхур щымыхъуми, абы дыщIагъужащ Соблыр, Каркаевыр, Багъэтыр, ярущхьэкIэ кIасэIуэ хуэкIэт - топ кьыткъудагъэкIри, хьэщIэхэм зыкъагъэбыдэжат...

Километр мин бжыгъэхэр зэпызычу Налшык къэкIуа Владивосток и «Луч-Энергия»-м тхьэмахуэ ипэкIэ Астрахань щрагъэкIуэкIа зэIущIэр фIаехьат. IэнэщI дыдэу ямыгъэззэжьын папщIэ абыхэм ди кьалащхьэм гугъу зыщIрагъэхьыпхъат. Джэгугъуэ кIуам зэрыщытекIуам и фIыгъэкIэ «Спартак-Налшыкри» турнир таблицэм хэпщIыкIыу щыдэкIуэтеят икIи и лъэр игъэбыдэн папщIэ и очко бжыгъэм хигъэхъуэну щIэхъуэпсыпат. А псомэ зэпэщIэтыныгъэр гущIэ ящIащ.

Ди щIалэхэмебгъэрыкIуэныгъэ лъэщхэмкIэ джэгур ирагъэжьащ.Ахэр хущIэкъуащ псынщIэ дыдэу екъулIэныгъэр зыIэрагъэхьэну, арщхьэкIэ абы пэгъунэгъу щыхъуа япэ сыхьэт ныкъуэм щыIакъым. Зи Iуэхур дэмыкI налшыкдэсхэр зымащIэкIэ бэлэрыгъащ икIи «Луч-Энергия»-м и футболистхэр зыIущIагъэкIащ. Апхуэдэ щIэщхъуэм «Спартак-Налшыкым» и лъэр щIигъэхупащ. Загъэпсэхуу кьихьэжа иужькIэщ абы нэхъ зыкъыщIощIэжар. Хуэм-хуэмурэ налшыкдэсхэм яебгъэрыкIуэныгъэхэр кьызэщIэплъэрт икIи 60-нэ дакъикъэм Бажэ Амир бжыгъэр зэхуэдэ ищIыжьыми зымащIэ дзащ иIэжар - ар зэуа топыр гъуащхьэм техуащ.

Я гъуэм бгъэдыхьэ гъуэгуэкIэр хьэщIэхэм кьрагъэбыдэкIами, ди щIалэхэм Iэмал хъарзынэхэр кьащIыкъуэкIкI щIыIэт. Апхуэдизу ящыщ зым Къаракаев Алим зымащIкIэ топым лъэIэсакъым, ар гъуэм дигъэкIын папщIэ. КъыкIэлъыкIуэу Дашаев Аслъэн зэуа топым «Луч-Энергия»-м и гъуащхьэтеым ерагъэкIэ кьригъэзэщ.

Джэгум хухаха зэманым иджыри дакъикъитху судьяхэм кьыщIагъуа пэтми, «Спартак-Налшыкым» ахэр кьыгъэсэбэныфракъым. Арати, зэIущIипщIкIэ зэкIэлъхьэужьу текIуэныгъэм и IэфIагъыр зымыщIа «Луч-Энергия»-м 0:1-уэ зэIущIэр иригъэхьащ. Абы щхьэкIэ къэмынэу, владивостокдэсхэр иужь дыдэ увыпIэм кьыщынащ, дыдейхэри зыкIэ кьекIуэтэхащ.

Зи чэзу текIуэныгъэр и стадионым щызыIэригъэхьащ «Динамо»-м. Хабаровск и командэм зэрефIэкIам и фIыгъэкIэ абы и бжьыпэр игъэбыдащ. Мэзкуудэсхэм очкоиплIкIэ кьыкIэрыху хъуащ Санкт-Петербург щыIэу щыпIэ «Зенит-2»-м пэмылъэща «Тосно»-р.

Ди лъахэгъу Болэ Руслан и фIыгъэкIэ ещанэ увыпIэм дэкIуэтеящ Воронеж и «Факел»-р. «Нефтехимик»-м Нижнекамск щыдэдгъэкIуэкIа зэIущIэм хьэщIэхэм я топитIри щыдэзысIуэкIар адыгэ щIалэраш. Абы щыгъуэми Болэр джэгум кьыщыхагъэхьар зэIущIэм и етIуанэ Iыхьэращ.

Иджы щыгъуазэ фыхуятщIынщ Урысей Федерацэм футболымкIэ и япэ дивизионым иужьу щызэхэта зэIущIэхэм кьаркIуа бжыгъэхэм: «**Тюмень**» (Тюмень) - «**Сибирь**» (Новосибирск) - **3**:**1**, «**Енисей**» (Красноярск) - «**Химки**» (Химки) - **3**:**0**, «**Нефтехимик**» (Нижнекамск) - «**Факел**» (Воронеж) - **1**:**2**, «**Динамо**» (Мэзкуу) - «**СКА-Хабаровск**» (Хабаровск) - **3**:**2**, «**Волгарь**» (Астрахань) - «**Спартак-2**» (Мэзкуу) - **1**:**1**, «**Кубань**» (Краснодар) - «**Сокол**» (Саратов) - **0**:**0**, «**Зенит-2**» (Санкт-Петербург) - «**Тосно**» (Тосно) - **1**:**1**, «**Шинник**» (Ярославль) - «**Мордовия**» (Саранск) - **1**:**0**, «**Балтика**» (Калининград) - «**Тамбов**» (Тамбов) - **1**:**2**.

КъыкIэлъыкIуэ джэгуI зэуэр япэ дивизионым фокIадэм и 17-м щызэхэтынущ. А махуэм «Спартак-Налшыкыр» Мэзкуу къэзыгъэ щIыуцIэнущ абы и «Спартак-2» командэм.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

Урысей Федерацэм футболымкIэ и япэ дивизионым зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр

	Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1.	«Динамо»	12	9	2	1	25-10	29
2.	«Тосно»	12	7	4	1	18-9	25
3.	«Факел»	12	6	4	2	17-9	22
4.	«Спартак-2»	12	6	3	3	21-12	21
5.	«Волгарь»	12	6	2	4	16-15	20
6.	«Зенит-2»	12	5	5	2	15-12	20
7.	«Шинник»	12	5	4	3	14-8	19
8.	«Енисей»	12	5	2	5	10-12	17
9.	«СКА-Хабаровск»	12	4	5	3	15-14	17
10.	«Тюмень»	12	4	2	6	13-17	14
11.	«Спартак-Налшык»	12	3	5	4	9-10	14
12.	«Тамбов»	12	3	4	5	11-14	13
13.	«Кубань»	12	2	7	3	11-12	13
14.	«Сибирь»	12	2	7	3	10-12	13
15.	«Нефтехимик»	12	2	3	6	10-18	12
16.	«Мордовия»	12	3	2	7	11-12	11
17.	«Химки»	12	2	5	5	10-19	11
18.	«Балтика»	12	2	4	6	8-14	10
19.	«Сокол»	12	1	7	4	10-13	10
20.	«Луч-Энергия»	12	2	3	7	9-17	9

Урысей Федерацэм футболымкIэ и ещанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым 2016-2017 гъэхэм щыIэ зэхьэзэхуэм ипкъ иткIэ, «Спартак-Налшык-2»-м иужьрей джэгугъуитIыр Владикавказ и «Алания»-м дригъэкIуэкIащ. А тIуми ди щIалэщIэхэр зэхуэдэу, бжыгъэшхуэкIэ, къыщыхагъэщIащ.

ТХЬэМАХУЭ ипэкIэ зэхьэрхэрэгъуэр Нарткъалэ щызэIущIат. Налшыкдэсхэр абы ирихьэлIат зэхьэзэхуэм бжьыпэр щызыIыгъэм ящыщ зыуэ икIи пашэхэм я деж зыщагъэбыдэну Iэмал псори яIэт. АрщхьэкIэ хьэщIэхэм апхуэдэ Iэмал къратакъым. Джэгур ихъащ «Алания»-р 4:1-уэ текIуэну.

Ущыгугъ хъунут кьыкIэлъыкIуэ зэIущIэм «Спартак-Налшык-Д»-м «иль ищIэжыну». Ди зэкIуэ зэрыхъунщи, Владикавказ и «Юность» стадионым «Алания»-р хэпщIыкIыу щынэ-хьыфIащ. Абы и футболистхэм налшыкдэсхэм жэуапыншэу топиплI я гущ1ыпэ дыдэ ящIат, аргуэру текIуэныгъэр зыгъэпсэхьащ.

ЗэкIэлъхьэужьу джэгугъунтI зэрыфIахьам и зэрапкIэ «Спартак-Налшык-Д»-р зэхпщIыкIыу турнир таблицэм къыщекIуэтэхащ. Абы псомэ щащхьэкIащ иджыри къэс зыри зыпэмылъэщащ «Ростов и гуп къыхэхар».

КъыкIэлъыкIуэ зэIущIэр налшыкдэсхэм Астрахань къалэм фокIадэм и 21-м щрагъэкIуэкIынущ. А махуэм ди щIалэхэр дэджэгунущ щыIэпIэ «Волгарь»-м и щIалэгъуалэ гупым. Мыгъэрей зэхьэзэхуэм астрахандэсхэр зэ закъуэ кьыщыхагъэщIауэ аращ икIи апхуэдэу къыщыцхъуар Налшык къалэщ. Абы къыхэкIыу мы зэIущIэр хуабжу уздэзыхьэ хъуну хуагъэфащэ.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Урысей Федерацэм футболымкIэ и ещанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1.«Ростов и гуп къыхэхар»	7	5	2	0	12-6	17
2.«Волгарь-Д»	6	4	1	1	14-4	13
3.«Алания» ЛФК	7	3	2	2	12-7	11
4.«УОР-Дагъыстэн»	9	3	2	4	12-11	11
5.«Спартак-Налшык-2»	9	2	2	5	11-21	8
6.«Магъэс-ИнГУ»	7	2	1	4	7-12	7
7.«Анжи» Академия»	9	1	4	4	9-16	7

● Хэхэс адыгэхэм я Iуэрыlуатэ

«ЦIывыжь цIыкIумрэ дзыгъуэмрэ» псысэр

КъБКъУ-м Тхыдэмкlэ, филологиемрэ цIыхубэ хъыбарегъащIэ Iэнатlэхэмкlэ и институтым хыхьэ Кавказ Ищхъэрэм ис лъэпкъхэм я литературэмрэ Iуэрыlуатэмкlэ кафедрэм и доцент Абазэ Албэчэрэ Тыркум и Кьайсэр кьалэм зэт Зрджиев университетым Литературэмкlэ и факультетыр кьэзыуха икIи а еджапIэм урысыбзэмрэ литературэмкIэ и кафедрэм и аспирантхэ, адыгэ пщащэ Сакут (Цыгъум) Элифрэ «Хэхэс адыгэхэм я Iуэрыlуатэ. «ЦIывыжь цIыкIумрэ дзыгъуэмрэ» кумулятив псысэ» зыфIаща, адыгэбзэкIи урысыбзэкIи тха учебнометодикэ дэIэпыкъуэгъуэ кьыдагъэкIащ.



ЛЭЖЬыГъэМ и гуэдзэн Iыхьэм кьыщыхьащ Абазэ Албэчэрэ Сакут Элифрэ Тыркум и Кьайсэр кьалэм 2014 гъэм кьыщыдагъэкIа «ЦIывыжь цIыкIумрэ Дзыгъуэмрэ» псысэм я мыхьэнэр зыгъэльагэр кьыгъегъэзэжьныгъэхэмрэ абыхэм ядэгъэльагъу рифмэ уху1экIэмрэщ. Зи гугъу тщIы лэжьыгъэм зыхэзэгъэгъуэзэнухэм ар мы ссылкэхэмкIэ кьагъуэтынущ: http://asyneta.org/2755-abazov_sakut_folklor_cherkesskogo_zarubezhia_20l6.html http://ajanskafkas.com/surmanset/cerkesce-calisma-kucuk-disi-bocek-sican-yayimlandi

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

● Лэскэн щIынатъэ

Зи къалэным хуэпэжхэр

Цыхухэм Iуэхутхьэбзэ щыхущIэ Лэскэн щIынальэ центрым и зэфIэкI псоми ирехьэлIэ унагъуэ хуэмыщIахэм, ныкъуэды: къуэхэм, щытыкIэ гугъум ит пенсионерхэм я гъащIэ гугъуехьхэр къатегъэпсынщIэным.

ЗИ ЩХЬЭ хьэрычэт хуэзымыщIэжьф щIыхухэм Iуэхущ1апIэм и лэжьакIуэхэм унэм хуашэ зыхуеину хущхъуэгъуэхэр, ерыскъыкэхIхэр. КъищынэмыщIауэ, психологие, юридическэ дэIэпыкъуэгъуэхэмрэ чэнджащ щхьэхэмрэ ират.

ЩIэх-щIэхьурэ иragъэкIуэкI псапащIэ акцэхэм япкъ иткIэ сабий ныкъуэдыкIуэ зиIэхэми, бынунагъуэшхуэхэми зыщIагъэхькуэну Iэмал ягъуэт.

Центрым кьеГъэщIыпIа жылагъуэхэр 9 мэхъри, ахэр хьэблэкIэ зэпыдуадэ Iэщ1агъэпIхэм къыхэзахкIуэ, хэт сыт хуэныкъуэми я нэкIэ зрагъэльагъу, нэхъ псынщIэу зэралъэIэсыным хуэдэу.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Цыхухэм Iуэхутхьэбзэ щыхущIэ Лэскэн щIынальэ центрым и зэфIэкI псоми ирехьэлIэ унагъуэ хуэмыщIахэм, ныкъуэды: къуэхэм, щытыкIэ гугъум ит пенсионерхэм я гъащIэ гугъуехьхэр къатегъэпсынщIэным.

● Псапэ

Махъейр щапхъэ тефх

Тхьэмыщкlэм дэIэпыкъуныр дэтхэнэ зы цIыхуми хэлъын хуей хьэл-щэн нэхъыфIхэм ящыщщ. ХуэщIауэ псоум ерыскъыкIэ, мыльку1кIэ дахуэхам зыщIигъакъуэу щыпльагъум деж ущогуфIыкI.

ЗЫХУЕЙ зымыгъэтыщэу псоум иIэ мащIэм къыхихыу ешэм хуэдэжм щадэIэпыкъум деж апхуэдэм и псэ къабзагъэм, хэлъ зэхэщIыкIым узыIэпимыщэн плъэкIынукъым. Зэман гуэр ипэ Сирием къикIыжа адыгэхэм ящыщ, Прохладнэ щIыналъэм хьэхэ Грабовец кьуажэ щыкIум щыпсэу Плыгъуэщ1э Махъейр кьэлъэIуащ езым и хадэм къыщигъэкIахэм ящыщ къыдигъащтэу хуэныкъуэхэм яхудигъэгуэшыну. Апхуэдэу щыт пэтми, Плыгъуэщ1эхэ я унагъуэм Iэ яIэкIым, нэгъуэщI куэдми хуэныкъуэхэщ.

Зэман гуэр ипэ Сирием къикIыжа адыгэхэм ящыщ, Прохладнэ щIыналъэм хьэхэ Грабовец кьуажэ щыкIум щыпсэу Плыгъуэщ1э Махъейр кьэлъэIуащ езым и хадэм къыщигъэкIахэм ящыщ къыдигъащтэу хуэныкъуэхэм яхудигъэгуэшыну. Апхуэдэу щыт пэтми, Плыгъуэщ1эхэ я унагъуэм Iэ яIэкIым, нэгъуэщI куэдми хуэныкъуэхэщ.

Зэман гуэр ипэ Сирием къикIыжа Плыгъуэщ1э Махъейр щапхъэ тефщ. Ар ашычипщIыр дэ яхуэтшащ Сирием къикIыжауэ КъБКъУ-м щедж студентхэмра «Тэрч» санаторэм щIэсхэмрэ. ЕтIуанэ ашычипщIыр Нартан дэт сабий зеиншэхэр щапхъэ ящIат интернатым лъэдгъэIэсащ. Апхуэдэуи зыгъэпсэхуГуэ махуэхэм Налшык дэт Сабий сымаджэщым ашычипщIыр нэблагъэ яIэрыдгъэхьащ.

Плыгъуэщ1э Махъейр еш зымыщIэ цIыхуущ. Пщэдджыжь нэмэзым щыщIэдзауэ жэщ хъуху абы и Iэр увыIэрхъым, бжьэ егъэхъу, нащ, кьэб кIыхь, нэгъуэщIхэри кьегъэкI. Абы сабий дыгъитI епI, Махъейр хэкум кьэзыгъэзэжахэми я мызакъуэу, дэтхэнэ адыгэми щапхъэ зытрахущ. Унагъуэ бей, узынщэ Тхьэм ищI!

КъАРЭ Ратмир.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЩIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

ЖЬэкIэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ - жэуап зыхь секретарь), **Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Щирдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къардэн Маритэ, НэщIэпыджэ Замирэ, ХьэжыкъарэАлик, ЩхьэщIамыщI Изэ.**



Езыгъэтхахэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ иригъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIэжмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленриным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхухэмкlэ - 42-22-86; кьуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабэзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъуэмэ Iуэхущ1апIэхэм ядэлэжьэныкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериеми - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iэнатlэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщыдэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап ахь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хутныныгъэр зыхэмынымкIэ Къэбэрдей-Балъкэр щIыналъэ Iуэхущ1апIэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.

КъБР, Налшык къалэ, Ленриным и уэрам, 33

Мы къыдэкIыгъуэм елъытыгъэ, жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **ДышэкI Соня,** *редактору* **НэщIэпыджэ Замирэ,** *корректорхэру* **Нэужьокъуэ Заирэ** *(2, 4-нэ нап.),* **ПхытIыкI Азэмэт** *(1, 3-нэ нап.). КомпьютеркIэ газетым и тепIэр ящIащ* **Дол Маринэ, Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ, Мэлбахъуэ Анжела, Бещто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Къарей Элинэ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Iэнатlэм щагъэхьызыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.538 ● Заказ №1446